ФИФЫ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКъУАУЭГъУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№102 (23.010) • 2015 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 2, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Уэлбанэшхуэм и зэран зэкIа жылагъуихым ядэIэпыкъунымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIхэм зыхуей псори ялэжь

2015 гъэм накъыгъэм и 30-м щыIа уэлбанэшхуэмрэ уэ къыззрехамрэ я зэранкIэ Дзэлыкъуэ районым и жылагъуэу хым ядэIэпыкъунымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIхэм зыхуей щытащ КъБР-м и Правительствэм и дыгъуасэрей зэIущIэр. Ар иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий.

Сурэтыр **Каюдин Евгений** трихащ.

СВЕТЛОВОДСКэ, Октябрьскэ, Шордакъ, Белокаменскэ, Кыщбалъкъ, Хьэбзэ къуажэхэм дэт унэхэу пщы бжыгъэхэм зэраныгъэ ягъуэтащ, лъэмыжкэр трихащ, гъуэгухэр ильэсащ, газ зрикIуэ бжьамийр зэпиудащ. ЕужьэрэкIыу зыхуэфащэ Iэхуэхэр зэрызэфIагъэкIам и фIыщIэкIэ, цIыхухэм я псэунигъэр зэлъытэ Iэхуэщ Iаплэхэм, ухуэныгъэхэм зэраныгъэ ягъуэтакъым, Шордакъ къуажэмрэ Дзэлыкъуэкъуажэмрэ нэмыщI. А жылагъуитIми дыгъуасэ пщыхьэщхьэм ирихьэлIэу псори зэтес щащIыжащ.

Жылагъуэ псоми цIыхухэм щадэIэпыкъащ пщIантIэхэм дихьа, хадзэхэмра уэрамхэмрэ щызэтрихьа ятIэмрэ кIэрыхубжьэрыхухэмрэ IушынымкIэ, щIынэхэм ит псыр кьишынымкIэ. Октябрьскэ къуажэм деж тельъмэжьыр зэрагъэпэщыжри транспортыр ирагъэжьажащ. Абы кьыдэкIуэу, Шордакъ къуажэми пIалъэкIэ кьагъэсэбэпын лъэмыж щытралъхьэ. Электричествомрэ газымрэ зрикIуэ бжьамийхэмрэ кIапсэхэмрэ я щытыкIэр зэдыщIэкIыу кьапщытащ. ЦIыхухэм ящыщу зыри хэкIуэдакъым, фэбжьи ягъуэтакъым. Псыдзэм кьихьа зэранигъэхэр гъэзэкIуэжыным иджнпсту цIыху 258-рэ йолэжь, абыхэм техникэ зэмылIэужьыгъуэу 63-рэ кьаГъэсэбэп.

«Къаруэ щыIэр зэщIагъэуIэн хуейщ цIыхухэм икIэщIыпIэкIэ ядэIэпыкъун хуейхэр яубзыдэлэпыкъун хуейхэр яубзыдэлэпыкъу. Абы кьыдэкIуэу, кьыхалъхьащ ремонт-ухуакIуэ управленэ щхьэхуэхэм я лэжьэкIэр кьэзыгъэщытэн комиссэ кьиззрагъэпэщыну. «Уэлбанэ къэс лъэмыжхэр трихыу е гъуэгухэр илъэсу зэрекIуэкIыр адэкIэ пшэчынкIэ Iэмал иIэкъым», - кьыхихагъэщащ КъБР-м и Iэтащхьэм.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - мэкъумэш хозяйствэмкIэ министр Дадэ МуIэед зэрыжиIамкIэ, мэкъумэш предприятэ щхьэхуэхэм хэщыныгъэшхуэ ягъуэтащ. Дзэлыкъуэ, Тэрч районхэм уэм щызэтрикъутащ нартыхуу, бжьыхьэсэ гуэдзу, кIэртIофу гектар 1800-рэ. Министерствэр мэкъумэшыщIэхэм ядэIэпыкъуну хьэзырщ. «Мазхуищ-плIым къуриубыдэу псори зэтес тщIыжынущ», - кьыхигъэщхьэхуIащ министрым.

ЗэIущIэм и етIуанэ Iыхьэм щыхэплъащ псэупIэ-коммунальнэ Iэнат<Iэм щызэтрихьа щIыхуэхэр пшынывжыным, социальнэ щыхуэхэм зиIэ ухуэныгъэ щхьэхуэхэр, абыхэм автомобилхэр зегъэкIуэным зыщIыхуагъэсэ центру Аруан районым кьыщIэзрагъэпэщащ, перинатальнэ центрыр, Сабийжэм творчествэмкIэ я унэр, лъэрыжэкIэ кьыщажьыхь унэр яхэту, зэрахуэм е зэрызэрагъэпэщыжым.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапи Iэ.

Сурэтыр **Каюдин Евгений** трихащ.

Уэ къэбэрдей-Балъкъэрым ящыIа зыгъэпсэхупIэ центрымрэ фэтэр 35-рэ хъуэу Тырныауз къалэм дащIыхьа псэупIэ унэмрэ хьэзырщ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий лэжьыгъэхэм я фIагъыр къипщытащ.

IУАЩХЬэМАХУЭ лъапэ щынагъэсащ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм папщIэ пансионатыр зэгъэпэщыжынырэ. А Iуэхущ Iапи дэтхэнэ зыми тэмэму зыщигъэпсэхун икIи и уэзыншагъэр щригъэфIэкIуэн папщIэ зыхуеину Iэмал псори къыщIэзрагъэпэщащ: иджырей материалхэр къагъэсэбэпурэ, пэш псори щIэрыщIэу къращыкIащ, зыхуеину унэгъащIэхэр къащхуащ, гу цIыкIукIэ фIэкI земыкIуэф ныкъуэдыкъуэхэм папщIэ пандусхэр зэрагъэпэщащ. Мы зыгъэпсэхупIэр 2015 гъэм и дыгъэгъэзэ мазэм кьызэIуахьынущ.

КъыкIэлъыкIуэу КъБР-м и Iэтащхьэр елъащ Тырныауз къалэм фэтэр 35-рэ хъуэу щащI псэупIэ унэм. Щыуэ зэтет а уэхуэнигъэр унэ кхъахэу зыбжанэ зэрыта щIыпIэм иращыхьащ.

Лесоволовэ Алевтинэ Иван и пхъум, Криворотовэ Любовь Василий и пхъум я ныбжьыр ильэс 70-м щигъащ. Абы щыщу ильэс 20-м щигъур а тIум щагъэкIуащ зи унащхьэм псыр къыпхыкI, тыншыпIэхэм ящыщу зыри зимыIэ унэ зэкIэлъымыкIуэм. Иджы ахэр унэщIэм щыщIагъэтIысхьэжьынум поплъэ. Абыхэм хуэхэа фэтэрхэм я щIыхьэпIэхэм иджырей гъущIыбжэ, щхьэгъубжэ кIуэхэр хэпъащ, дэтхэнэ фэтэрри щхьэхуэу ягъэплъ. Унэр щащIым абы щIагъэтIысхьэжьынухэм кьыхалъхьэхэр ухуакIуэхэм кьалъытащ. Езы унэр хъарзынэу зэрызэрахьам кьыдэкIуэу, абыхэм пщIантIэри зыхуей хуагъэзащ.

«Дагъуэ зыхуэпщIын зыри щымыIэу тхужьIэнукъым, - кьыхигъэщхьэхуIащ КIуэкIуэ Юрий унэм еплъа нэужь, - ауэ и нэхьыбапIэкIэ лэжьыгъэхэм арэзы укъащI». КъБР-м и Iэтащхьэм кьалэмрэ районымрэ я унафэщIхэм фIыщIэ яхуищащ унэ кхъахэхэм щIэсхэр кьыщIэгъэIэпхъукIыным пыща Iуэху мытынышр зэман кIэщIым зэрызэфIагъэкIам папщIэ. Мы гъэм хьриубыдэу Iуащхьэмахуэ районым исхэм ящыщу 260-м щIигъуэ я псэупIэхэр ирагъэфIэкIуащ.

Мы кьалэдзэхэм я дежкIэ иджыпсту нэхъ Iуэхушхэ дыдэр Тырныауз вольфрам-молибден комбинатыр зэтегъэуэжынырщ. Абы теухуауэ КIуэкIуэ Юрий къеупщIахэм зэраджриамкIэ, комбинатыр егъэжьэжыным теухуа унафэр къэралым къищтащ. Ар гъэззщIэным иджыпсту щIадзэ. «ГурыIэгъуэгъуэкIэ а псори зы махуэ Iуэхуу зэрыщIымытыр, ауэ комбинатыр фIэкIыпIэ имыIэу ящIыжынырэ иргъэжьэжынущ», - быдэу жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэм.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапи Iэ.

Блэкla илъэсым зэфIагъэкIахэмрэ мы гъэм къапэщытхэмрэ

Ди газетым зэрытетащи, КъБР-м и Iэтащхьэм дежУФ-м и Президентым и унафэ хэхахэр гъэзэщIа зэрыхъумрэ социально-экономикэ зыужьыныгъэм щызыIэрагъэхьа екъулIэныгъэхэм кIэлъыплъынымкIэ щыIэ Советым хэтхэм я зи чэзу зэIущIэ мэрем кIуам КъБР-м и Правительствэм и Унэм щекIуэкIащ. Абы хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий, КъБР-м и Парламентым, Правительствэм я Унафэщ Iэхуэ Егоровэ Татьянэрэ Мусуков Алийри, федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Канунников Владимир сымэ, министрхэр, къалэ, район администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, нэгъуэщIхэри.

УФ-м и Президентым кьыдигъэкIа унафэхэр 2014 гъэм, дыззрыт ильэсым и яп мазищым ди республикэм гъэзэщIа зэрыщыхьырэ зэIущIэ блэкIам щагъэува кьалэнхэр кьаззрехьыпIэмрэ тепсэлъыхьащ кьулыкъущIэхэр.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и яп хуэдзэ **Литовченкэ Татьянэ** тепсэлъыхьащ пIалъэ кIыхьым тещIыхьа къэрал экономикэ политикэм и Iуэху зыIутым, 2014 гъэмрэ дызэрыт ильэсым и яп мазищымрэ къэрал управленэм и уэхуэкIэр егъэфIэкIуэным епха унэтIыныгъэхэр зэфIэха зэрыхъум.

- Блэкla ильэсым экономикэм игъэтащ зыужьынигъэхэм кьадэкIуэу, социальнэ Iэнатlэм машинэ, Iэмпсымэхэм яхуэдэкIэ хэхъуэ иIащ. Фэ зэрыфщIэщи, сыткIи зыхуей хуэза реанимобилхэр кьыстIэрыхьащ, медицинэ Iуэхущ Iапи Iэхэм операцэ нэхъ хьэпъэхэр зэращIыну IэмэпсымэщIэхэр щIэдгъэуващ. Ди Iуэхур езыгъэфIэкIуэхэм ящыщ заводыщ Iэхэр кьыззрыгъэгъуэгъуэ, нэхъыпэкIэ лажьэу щытахэр зэманым декIуу зэрыщIэздгъэпэщыжар. Апхуэдэ кьэщIэрэщIэныгъэм республикэм и зыужьыныгъэм кьыхалъхьэ мыпкъуэ нэхъыбэ ищIащ. 2014 гъэм ар процент 25,4-рэ хъуащ, - жиIащ Литовченкэ.

Зыхэплъэж пIалъэм кьыривыбудэу социально-экономикэ унэтIныгъэм зэрызыужьар кьигъэлъэгъуащ къэпсалъэм. Къапщтэмэ, ВВП-р сом меларди 117,6-рэ хъуащ. 2014 гъэм дэ езым кьыщIэдгъэкIар сом мелард 37,3-рэ и уасэ мэхъу, мы илъэсым зэрыщIэдзэрэ сом меларди 8,36-рэ и уасэ кьыщIэдгъэкIащ, мэкъумэш Iэнатlэм кьыщалэжьар сом мелард 34-м щIегъу, мы гъэми абы зэрызиужьам гу лъыботэ, мазищ блэкIам кьриубыдэу сом меларди 4,5-рэ хэхъуэу иIащ. Ухуэныгъэ лэжьыгъэ зэфIагъэкIар сом меларди 9,5-рэ мэхъу, ику иту кьахь улахуэр процент 6,9-кIэ хэхъуащ, сом 19758-м нэсащ.

- 2014 гъэм республикэ мыпхьум инвестицэу сом мелард 27-рэ кьыхалъхьащ. Абы и лъэныкъуэкIэ Урысейм зи Iуэхур щынэхъыфI хэгъуэгуэм дащыщщ, - кьыхихгъэщащ Литовченкэ Татьянэ. - Накъыгъэ унафэхэм ящыщщ 2015 гъэм экономикэр зэпIэзэрыту, хэхъуэ иIэу щытын папщIэ щIалъхьэхэр нэхъ пасэу убзыхурэ. Абы ипкъ иткIэ, хамэ къэрал кьрашхэр ди къэралым кьыщыщIагъэкIхэмрэ щащIэкIэ зэхъуэкIыным теуауа план дгъэпсын хуейти, ди республикэм кьыбгъэдэкIыу проектипIи федеральнэ планхэм хагъэхьащ, кьищынэмыщIауэ, инвестицэ проект зыбжанэ зэхалъхьащ, псори зэгъуэгу кьапщтэмэ, сом мелард 250-м щигъу и уасэу, ахэр зэфIэкIмэ, лэжьыгъэ Iэнатlэ мин 18 диIэнущ. Зэхалъхьа программэхэм ящыщщ жылагъуэ транспортыр зэхьуэкIыным, псэупIэ-коммунальнэ Iэнатlэхэр Iэмэпсымэкlэ зыхуей хуэгъэзэным екъэлIахэр.

Фэ зэрыфщIэщи, нобэ ди республикэм къэрал программэ 25-рэ щолажьэ. Абы текIуэдэну хуэхахэр (мэлажьхьыхьым и 1-м тепщIыхьымэ) сом меларди 5,9-рэ мэхъу, абы щыщу сом меларди 5, 3-р республикэ бюджетым кьыхокI, сом мелард 0,6-р федеральнэ мылькущ. Абы кьыхэкIыу, республикэм щофIакIэ хьэрычэтщIэ Iуэхумрэ ди экономикэм нэгъуэщIхэм я мылъку кьыхалъхьэнымрэ. Кьыхэгъэщыпхъэщ инвестицэ и лъэныкъуэкIэ ирагъэкIуэкIа кьэпщытэныгъэхэм кьыззрагъэпэлъэгуамкIэ, ди республикэм 22-нэ увыпIэр Урысейм зэрыщIыгъыр.

Къэрал управленэм и уэхуэкIэр егъэфIэкIуэным щытепсэлъыхьым Литовченкэ кьыхигъэщхьэхукIащ жылагъуэр арэзы ищIу къэрал, муниципальнэ Iуэхутхьэбзэхэр республикэм зэфIэха щыхъунымкIэ МФЦ Iуэхущ Iапи Iэхэр кьыззрыщIэзгъуэхэр. Абыхэм ящыщу Налшык, Тырныауз, Бахьсэн, Прохладнэ къалэхэм щыIэ МФЦ-хэмрэ къуажэхэм щыIэ Iащ Iагъэли 115-мрэ я лэжьыгъэр зэтеублауэ йокIуэкI, Май, Шэрдж, Шэджэм, Дзэлыкъуэ щынальхэм апхуэдэ унэхэр кьащыщIэуIахащ, мы гъэм Налшык, Аруан, Лэскэн, Тэрч щынальхэхэм апхуэдэ Iуэхущ Iапи Iэхэр щаухуэ. 2015 гъэр щиухым деж республикэм и къалэ, район псоми щылажьэнущ къэрал Iуэхутхьэбзэхэр зэфIэзыгъэкI Iащ IагъэлIэхэр. Ахэр зэрылажьэ щIыкIэр мардэм тохуэ, Iуэхутхьэбзэр дакъикъэ 15-м кьэриубыдэу зэфIагъэкI. КьищынэмыщIауэ, Iуэхур нэхъ тынш зыщIхэм ящыщщ КъБР-м и Iуэхущ Iапи Iэхэр кьыззрагъэпэщ. Цыхухэм я Iэнатlэ мин 18 диIэнущ. Зэхалъхьа программэхэм ящыщщ жылагъуэ транспортыр зэхьуэкIыным, псэупIэ-коммунальнэ Iэнатlэхэр Iэмэпсымэкlэ зыхуей хуэгъэзэным екъэлIахэр.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Республикэм и щыхъэрыр пашэщ

● Хъыбар гуапэ

Муниципалитетхэм папщIэ зыхуейхэр зэIухауэ кьыззращэхум теухуауэ нэгъабэ ягъэхьэзыра Лъэпкъ рейтингым кьрикIуамкIэ, «нахуагъэ лъагэ» категориемкIэ Налшык бжьыпэр щиубыдащ, Кавказ Ищхъэрэм и адрей республикэ псори кьызэринэкIри, а лIэужьыгъуэ дыдэмкIэ ирагъэкIуэкIа щIыналъэ къэпщытэныгъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым еянэ увыпIэр къыщихьащ.

КъэпщытэныгъэхэР иригъэкIуащ «Къащхэрухэр зэрызэIубзым и Лъэпкъ рейтинг» щIэ зезыхьэ Iамалымрэ гуп щхьэхуэхэмра я урысей рынокым и экономикэ, правовой Iуэхуэхэр зэкIэлъызыгъакIуэ мыкъэрал кьэхутакIуэ центр щхьэхуитым.

Урысей Федерацэм и субъекту 83-рэ, муниципальнэ щIыналъэщхуэу 85-рэ нахуагъэм и рейтингым нэгъабэ хэтащ. Абы кьрикIуахэр Iыхьитхуу зэщхьэщIэхуэ кьапщытэжащ: «щэсынIэ зиIэ нахуагъэ», «нахуагъэ курыт», «нахуагъэм и лъабжьэ», «нахуагъэ лъахъшэ».

Къэхутэныгъэр «зэрызэбладэ Iэмалым» тету ирагъэкIуэкIащ икIи абы хэта псори зы щапхъэм тету, Iуэхугъуэ 38-кIэ кьалъытащ. Апхуэдэщику иту Iуэхум хыхьэну хуит ящIакъэмрэ ямыщIакъэмрэ, ику иту зайвкэу ятар зэрыхъэр, зэпеуэхэм кьарикIуам ипкъ иткIэ, заказу ятар зыхуэдизыр, заявкэншэу икIи зы заявкэ фIэкIа ямыIэу зэфIагъэкIар зэрыхъур, зэгурыIуэныгъэу зэращIыпIахэр, абыхэм хуэзэр, отчетхэр официальнэ сайтымкIэ зэрызэбграгъэхар, нэгъуэщIхэри. Мы къэпщытэныгъэм Iэмал кьет, коррупцэри хэту, рынокым щымыщ Iуэхугъуэхэр заказхэр зэрызагъашэ щыкIэм зэрылъэIэсым кIэлъыплъыну, ар и лъабжьэу абыхэм я щхьэусыгъуэр зэрызыжьыкIыр кьахутэну, ахэр зэрагъэзэкIуэжыну хэкIыпIэхэр кьагъуэтыну.

Дерсхэм къыпащэ

● Налшык

Налшык къалэ и Пенсионнэ фондым щекIуэкIащ «Пенсионерхэм компьютер щIэныгъэ яГъэдэлъхьэн» щIэщыгъэм щIэту илъэсищ хъуауэ ягъэлажьэ проектым и зи чэзу еджэныгъэхэр. Мы Iуэху щхьэпэр кьыззрежьэрэ илъэс 55-80 ныбжьым итхэу цIыху 970-м нэс зэхъэщIраубыдащ.

ХАБЗЭ дахэ зэрыхъуауэ, еджэныгъэ курсхэм щIэуэ кьекIуалIэхэм папщIэ зэIущIэ щхьэхуэ ирагъэкIуэкIащ. Абы кьыдэкIуэу, ахэр ехъулIыкIэ кьэзыухахэм хъэхъуэ псалъэ гуапэкIэ зыхуагъэзащ. ЦIыхубзхэм я Налшык къалэ Советымрэ Пенсионерхэм я союзымрэ я унафэщI Дыджэш Лидэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.



Саакашвили иджы губернаторщ

Иджы Куржым Iэмал лъэпкъ иIэжкъым я къэралым и президенту щыта Саакашвили Михаил а кьулыкъум щыпэрытам илэжьауэ щыта хабзэншагъэхэм щхьэкIэ жэуапым иришэлIэну.

Саакашвили Украинэм и паспорт кьратащ, а къэралым и Конституцэм кьызэрыщыгъэлъэгъуамкIи, езым и цIыху нэгъуэщI къэралым кьиГъэкъуанщэкIэ, ар абы ягъэIэпэхъуэну хуиткъым.

Порошенкэ Пётр и унафэ щIыкIэм езы Украинэм щыпсэухэм я мызакъуэу, нэгъуэщI къэралхэм я щIыхуэхэри политикхэри кьэзыгъэIуэбжь куэд хэлъщ. Саакашвили Михаил Украинэм и цIыху зэрыхъуам щыхьэт техьуэ дэфтэрыр президентым иджыблагъэ зэрыритыжам и закъуэкъым иджы политологхэм ягъэщIэгъуар. Куржым и президентэ щыщытам зэхищIыхьажэм щхьэкIэ уголовнэ жэуапым ирашэлIэну кьалъытхъуэ Саакашвили Одесскэ областым и губернатору зэригъэуварщ яфIэтельыджэр.

ЦIыхухэм бгъэдыхьэкIэ тэмэм кьахуигъуэтыфу, ягурыIуэфу щымыт Саакашвили а кьулыкъым куэдрэ «щымывэну», областми зыкIи сэбэн хуэмыхъуфыну кьалъытэ дунейпсо экспертхэм.

«Саакашвили, зы лъэныкъуэкIэ, здахьын ящIэркъым, абы кьыдэкIуэри США-м зыдэзыгъэш, абы и IупэфIэгъу цIыхуш, жиIащ МГУ-м украин, белорус IуэхухэмкIэ и центрым и унафэщым и къуэдзэ Безпалько Богдан. - А кьулыкъум ар ягъэувыныр щыхьэхэкIари аращ. Украинэм Кьырымыр щыIэщIэкIа мы зэманым а къэралыр дзэполитикэ мурадхэм кьыхуэзыгъэсэбэпыну зи мурадрэм я дежкIэ Одессэ мыхьэнэшхуэ зиIэ, тенджыз базэхэр кьыщызэбгъэпэщыну кьезэгъ щыIанльэ нэхъыщIхэ хьуащ».

Венгриеми хуодалъэ

ЩIэпхъаджагъэ хьэлъэ зылэжьам и судыр укIкIэ зыщIэ къэралхэм яхьыхьэжмэ, Венгриер Европэ зэгухьанныгъэм хагъэкIыжным теухуа Iуэху кьаIэтынущ.

Венгриеми и Правительствэм и УнафэщI Орбан Виктор абыкIэ хуэбар иригъэщIащ Еврокомиссэм и президент Юнкер Жан-Клод. Абы зэрыжиIамкIэ, Еврософэм хэбгъэт хьунукъым цIыхум и судыр укIкIэ щащIэ къэралхэр.

1990 гъэм а хабзэм кьытекIауэ щытащ Венгриер, ауэ иужьрей зэманым абы и унафэщIхэр щIэх-щIэхьырэ тепсэлъыхь хъуащ щIэпхъаджащIэ ерухэр жэуап нэхъ ткIий дыдэм ешэлIэн зэрыкъуейм. ЦIыхум и псэр зыгъэнхэр укIыжынырэ захуагъэу къэзылъытэхэр а къэралым кIуэ пэтми нэхъыбэ зэрыщыхъурыщ Венгрием и унафэщIхэми Iуэхур зытращIыхьыр.

Нобэ

♦**Италием егъэлъапIэ Республикэ щыхъуа махуэр.** 1946 гъэм мэкъуауэгъуэм и 2-м Италием щекIуэкIащ лъэпкъпсо референдум. Абы хэтахэм я процент 55-р и телъхьэу кьыщIэкIащ я къэралыр пащтыхьыгъуэ хабзэхэм кьытекIыным икIи абы республикэ унафэ щыкIэр щызэфIэувэным.

♦**КъуэятI зыщIэлъ ерыскъымрэ щхьинкIэ емыгъэлеиныкъэ я махуэщ**

♦**Азербайджаным и гражданэ авиацэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ**

♦1920 гъэм РСФСР-мрэ Тыркымрэ дипломатие зэхущытыкIэ зэхуаIэ хъуащ.

♦1928 гъэм Налшык тхылъ тедзапIэ кьыщызэIуахащ.

♦1953 гъэм Елизаветэ ЕтIуанэм Инджылыым и пащтыхь гуащэ хъуащ.

♦1955 гъэм Байконур космодромым и лъабжьэр ягъэтIылъащ.

♦1962 гъэм Новочеркасск щызэтраукIат я гукъуэхэр жаIэну уэрамым кьыдыхьа цIыху мамырэр.

♦**Адыгей сурэтыщI Лъапцэрыщэ Нурбий** и ныбжьыр ильэс 78-рэ ирокъу.

♦УсакIуэ, журналист **Хьэту Пётр** и ныбжьыр ильэс 65-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 26-рэ, жэщым градус 18 - 19 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ

Уи фIым иумытыр мафIэм уфIес.

Iуэхутхьэбзэхэр ирагъэфIакIуэ

Мы зэманым ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэхэм щолажьэ цIыхум Iуэхутхьэбзэ зэмылIэужьыгъуэхэр щыхуащIэ къудамэ куэду зэхэт Iэнатlэу (МФЦ) 8.

ДЫЗЫТЕХЬА илъэсым и яп мазищым кьриубыдэу МФЦ-хэм я Iуэхутхьэбзэ цIыху мин 95-м щIигъуи кьаIэрыхьащ. Къэрал, щIыналъэ дзэпыкъуныгъэ хуэныкъуэу иджыри лъэIу тхылъхэр щIэзыпхьахэм я бжыгъэр мин 68-м нэсэрохьэс. Къащтэмэ, ахэр нэхъыбэу хуэгъэзащ УФ-м и Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм, Iэпхъуэшапхъуэ Iуэхухэмкlэ федеральнэ кьулыкъум, КъБР-м Росреестрымкlэ и управленэм. Кьыхэгъэщыпхъэщ, зауэм хэта ветеранхэм, ныкъуэдыкъуагъ зыбгъэдэлъхэм я унэм кIуэурэ а Iуэхутхьэбзэ дыдэхэр зэрыхуащIэр.

Псом ящыхьэращи, МФЦ-м и Iэнатlэхэр иджырей зыхуэфIэхэмкlэ нэсу кьызэгъэпэщащ. Электрон мардэм тету зэрылажьэм и фIыгъэкIэ, чэзур зэтримыхьэу Iэщ Iагъэлъхэм Iуэхур зэфIах.

МФЦ-м и Iэнатlэхэр иджыпсту щолажьэ Налшык, Май, Прохладнэ, Шэджэм, Тырныауз, Бахьсэн къалэхэм, Кьэщкъэтау, Дзэлыкъуэкъуажэ. Абыхэм я бжыгъэм хэхъуэнущ

ЛЪОСТЭН Музэ.

ЩIыуэпсым и хъумакIуэхэр

ЩIыуэпсыр хъумэным теухуауэ Смоленск къалэм щекIуэкIащ елжаIэ-кIуэхэм я урысейпсо олимпиадэ.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ щыщу абы хэтащ Налшык дэт Экological-биологие центрым и гъэсэну 7. Ахэр жыдэжру хэтащ ди щIыналъэм щекIуэкIа зэпеуэхэм икIи фIым я фIыжу зыкъагъэлъэгъуащ. Кьыхэгъэщыпхъэщ мы центрым екIуалIэ ныбжьыщIэхэм кьэзыгъэ зэхьэзэхуэм екъулIэныгъэ-IуэхущIэхэр щIэныгъэ куу зэрыбгъэдалъхьэм. Мы олимпиадэмэ цIыкIуэхэр егупуу хуагъэхьэзыращ центрым и унафэщI, биологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор Тхьэзэплъыжь Еленэ и нэIэм щIэту.

Олимпиадэм хэтахэм я проект лъэкыгъэхэр теухуат Iэгъэбэгуэхэм, псэущхьэхэм, псы ежэххэм, нэгъуэщIхэми. Ди щIыпIэм икIахэм ящыщу Рыльцевэ Лидие щIыхь тхылъыр кьыхуагъэфэщащ. Иджы ар Урысейм и еджапIэ нэхъыщхьэ дэтхэнэми экзаменыншэу щIэтIысхьэфынущ. Ауэ кьыхихыну унэтIныгъэр биологием екъэлIауэ щытын хуеиущ.

УвыпIэ гуэрхэр зэкIэ къамыхьами, зэфIэкI хъарзынэ ягъэлъэгъуащ олимпиадэм хэтахэу Дэунэж Сэлим, Хуламханов Ислъам, Хъущт Каринэ, Ячная Анастасие, Асадулаевэ Альбинэ, Джазэ Каринэ сымэ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

БлэкIа илъэсым зэфIагъэкIахэмрэ мы гъэм къапэщытхэмрэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Улахуэ зэрат щIыкIэр егъэфIэкIуэным, узыншагъэр хъумэным хуэлажьэ IэнатIэм ехьэлIауэ къэралым щагъэбелджылахэр республикэм гъэзэщIа зэрыщыхъум, цIыхуу къытхэхъуэм и бжыгъэм теухуауэ ди щIыналъэм и Iуэхур зытетым тепсэлъыхьащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ - КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр **Шэт Ирмэ**.

- КъБР-м и Правительствэм ищIа унафэм тету, 2018 гъэ пщIондэ пIалъэ-пIалъэкIэ улахуэм хэгъэхъуэныр зэпIэзэрыту йокIуэкI. 2014 гъэм узыншагъэр хъумэнымкIэ IуэхущIапIэхэмрэ социальнэ IуэхутхьэбзэхэрщызэфIагъэкIхэмрэ зэгурыIуэныгъэкIэ лэжьэным техьащ. Абы къикIращи, къэрал, кIэзонэ, бюджет, автоном IуэхущIапIэ псори улахуэ зэрат мардэщIэм хуэкIуащ. 2014 гъэм егъэджэныгъэ, узыншагъэр хъумэн, щэнхабзэ IэнатIэхэм улахуэр щыхэгъэхъуэным федеральнэ бюджетым къыхэкIыу сом зы мелардрэ сом мелуан 255-рэ хухахащ, - жиIащ Шэтым. - КъБР-м и сабий гъэсапIэхэм, курыт школхэм, щэнхабзэ IуэхущIапIэхэм щылажьэхэм, дохутырхэм я улахуэр КИФЩI-м ику иту къыщахьым хуэдиз хъуащ, ауэ Урысейм ику иту къыщалэжьым нэсакъым. Къэбгъэлъагъуэмэ, къызэднэкIа илъэсым егъэджэныгъэ IэнатIэхэм къыщалэжьыр сом 15,619-м хъуащ (2013 гъэм елъытауэ, проценти 7,6-кIэ нэхъыбэщ), узыншагъэр хъумэн IэнатIэм - сом 17,237-рэ (процент 12,3-кIэ хэхъуащ), социальнэ IуэхущIапIэхэм - сом 12,683-рэ (процент 25,5-кIэ хэхъуащ), щэнхабзэ IэнатIэм сом 13,893-рэ (процент 4,5-кIэ нэхъыбэ хъуащ) къыщалэжьыр.

Шэт Ирмэ зэрыжиIамкIэ, 2014 гъэм гулъытэ хэха хуащIащ ныкъуэдыкъуэхэм лэжьапIэ ягъуэтыным. Къапщтэмэ зи узыншагъэм сэкъат иIэ цIыху 250-м IэнатIэ яIэ хъуащ.

Къалъхухэм я бжыгъэр хэгъэхъуэным, цIыхур нэхъыбэрэ псэуным теухуауэ республикэм лэжьыгъэ зэгъэуIуа зэрыщекIуэкIыр къыхигъэщащ министрым икIи ехъулIэныгъэхэр зэрызыIэрагъэхьар жиIащ.

Сымаджэхэр хущхъуэкIэ къызэгъэпэщынри хабзэм тету екIуэкIащ. Абы сом мелуани 156-рэ хухахащ. ХущхъуэкIэ зыдэIэпыкъун хуейуэ республикэм исым я бжыгъэр 2014 гъэм и кIэухым цIыху 15894-рэ хъуащ. 2013 гъэм абыхэм сом мелуани 80 фIэкIа хухамыхамэ, 2014 гъэм ар нэхъыбэ хъуащ, ауэ ар иджыри сымаджэ псоми яхурикъуркъым.

- Демографие щытыкIэр ди лъахэм щефIэкIуэн папщIэ зыхуэдгъэувыжа къалэнхэр псори дгъэзэщIащ, - жиIащ къэпсэлъам. - Иужьрей илъэсым цIыху хэхъуэу проценти 2,9-рэ диIащ. 2014 гъэм бынунагъуэшхуэу 191-м я псэукIэр ирагъэфIэкIуэн папщIэ сом мелуан 35,9-рэ иратащ, «Анэм и щIыхь» медалыр бзылъхугъэ 43-м хуагъэфэщащ, микроавтобус зы унагъуэм иратащ, сабий къэс хуэзэу сом мин пщIырыпщI хухахащ, абыхэм папщIэ республикэ бюджетым къыхагъэкIащ сом мелуни 3,1-рэ.

2014 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и закъуэщ Урысей псом щIыналъэ проектитIыр и кIэм нэсу щагъэзэщIар, ар фельдшер-акушер пунктхэр къызэрызэIуахамрэ (ухуэныгъэ 52-рэ) санитар автотранспорт 62-рэ IуэхущIапIэ 17-м щхьэкIэ къызэращэхуамрэщ.

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ - КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр **Емуз Нинэ** къызэхуэсахэм я пащхьэ кърилъхьащ егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ епха къэрал политикэр ди республикэм зэрыщекIуэкIымрэ лъэпкъ зэгурыIуэныгъэр къызэгъэпэща зэрыщыхъумрэ.

Емузым зэпкърыхауэ къигъэлъэгъуащ сабий гъэсапIэу яухуахэмрэ абы кIуэн хуейхэмрэ зэпэлъытауэ нобэ я Iуэху зыIутыр. Нэгъабэ къызэIуаха, зыхуей хуагъэзэжа гъэсапIэхэм сабийхэр щIэз хъуакъым. Ар къызыхэкI щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр, къалэм щылажьэ адэ-анэхэм я бынхэр къызэрыздашэрщ. ДяпэкIэ зэгъэпэщыжын хуей еджапIэхэр, гъэсапIэхэр, ныкъуэщIхэр и кIэм нэгъэсыным, программэм и лей егъэджэныгъэ щрагъэкIуэкI IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэр зыхуей хуэгъэзэным тепсэлъыхьащ Емузыр.

- Лъэпкъ зэгурыIуэныгъэр къызыхуэтыншэу ди республикэм щызэтеубла хъун папщIэ унэтIыныгъэ зыбжанэкIэ долажьэ, - жиIащ Емуз Нинэ. - Япэр Урысейм ис лъэпкъхэм я щэнхабзэр, тхыдэр школакIуэхэм егъэщIэныр, лъэпкъ, дин зэгухьэныгъэхэр зэдэлэжьэныр, нэгъуэщIхэри. НобэкIэ лъэпкъ зэхущытыкIэр егъэфIэкIуэнымкIэ щыIэ программэр къэзыщтар районибл-ращ, ахэр мы Iуэхум нэхъ жыджэру елэжьхэрщ. 2014 гъэм Iуэхуи 100-м щIигъу щекIуэкIащ республикэм лъэпкъ зэгурыIуэныгъэм, шыIэныгъэм ехьэлIауэ. Къыхэзгъэщыну сыхуейщ абы и лъэныкъуэкIэ КъБР-м къищта къэрал программэр зэрыщагъэзащIэр, абы папщIэ федеральнэ бюджетым къыхэкIыу сом мелуани 4-рэ мини 155-рэ республикэм къыIэрыхьащ.

КъБР-м Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр **Тутыкъу Анзор** зэIущIэм щIэсхэр щигъэгъуэзащ цIыхухэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщыным, псэупIэ-коммунальнэ IуэхутхьэбзэхэрегъэфIэкIуэным теухуауэ республикэм щащIэхэм, ухуэныгъэхэр зэрыщекIуэкIым.

2014 гъэм щIы кIапэ 175-рэ унагъуэхэм зэраIэрыхьар жиIащ Тутыкъум. БлэкIа илъэсым ипотекэ кредиту ди цIыхухэм къащтащ сом меларди 3-рэ мелуан 356-рэ и уасэ. Ар ику иту къапщтэмэ, илъэс 16 пIалъэм тещIыхьащ.

Къэрал IуэхущIапIэхэм щылажьэ унагъуэщIэхэм ядэIэпыкъуным зэрыпащэр, псэупIэ-коммунальнэ IуэхущтхьэбзэхэрзэрырагъэфIакIуэр, жьы хъуа бжьамийхэр зэрызэрахъуэкIыр, нэгъуэщI куэдми зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ Тутыкъу Анзор. Нэхъыщхьэу министрым къыхигъэщахэм ящыщщ кхъахэ хъуа унэхэм щIэсхэр гъэIэпхъуэныр. 2014 гъэм цIыху 707-рэ унэ 63-м къыщIагъэкIри, щIэхэм ягъэIэпхъуащ. 2015 гъэм апхуэдэ унэщIэу метр зэбгъузэнатIэ мин 11,2-рэ ятыну я мурадщ. Прохладнэ районым унэхэр и кIэм щынагъэсащ, Тырныауз щаухуа унэм мэкъуауэгъуэм и кIэм цIыхухэр ягъэIэпхъуэнущ, Налшык къалэ унэ 68-рэ жьы хъуауэ дэтщи, абы цIыху 420-рэ щIэсщ, ахэр гъэIэпхъуэным сом мелуани 137-рэ текIуэдэнущ.

ЖаIа псоми едэIуа нэужь, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий къыхигъэщащ къаIэта Iуэхухэм теухуауэ КъБР-м и Правительствэми, район, къалэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэми лэжьыгъэшхуэ зэрырагъэкIуэкIыр, ауэ лъэпощхьэпоуэ зэтрихьар куэд мэхъури, еужьэрэкIын хуейуэ къыхуриджащ. «Арыншамэ, цIыхухэм дакъыгурыIуэнукъым, ахэр псэуну щыхуейр нобэщ, пщэдейм щыдгъэгугъ хъунукъым. Сэ зыкъысхуэзыгъазэхэм къысхуаIуатэмкIэ сощIэ ди цIыхухэр зыхэт бэлыхьыр, бынитху иIэу, абы щыщу 3-р нықъуэдыкъуэу, кхъахэ хъуа унэм щIэс цIыхубзым гугъущ къыгурыбгъэIуэну дэ едгъэкIуэкI лэжьыгъэр псынщIэу щIэмыкIуатэр. Аращи, псоми ди къару зэхэтлъхьэу мы Iуэхум нэхъ ерыщу иужь дитыну фыкъыхузоджэ», - жиIащ Iэтащхьэм.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Сокъур Аскэрбий. *1940 гъэ*

Аскэрбийрэ абы къуэ нэхъыщIэ Русланрэ. *1990 гъэ*

Сокъур Аскэрбий и зауэ гъуэгуанэр

Сокъур Аскэрбий ТIэмашэ и къуэр 1920 гъэм мазаем и 23-м Жэмтхьэлэ къуажэм къыщалъхуащ. ТIэмашэ и унагъуэм щIалиплIрэ - Аскэрбий, Хьэжысмел, Исмэхьил, Зырамыку, хъыджэбзитIрэ - Мэлизэрэ Кулэрэ - къыщыхъуащ. Лэжьыгъэм щIапIыкI быныр адэ-анэм дэIэпыкъуэгъу яхуэхъурт. 1936 гъэм ТIэмашэ и къуэш Кърым дунейм ехыжащ. ИлъэситI ипэ абы и щхьэгъусэри бынунагъуэм ящхьэщыукIуриикIати, абыхэм къащIэна сабиищыр ТIэмашэрэ Хьэкуринэрэ зрашэлIэжат. Унагъуэшхуэр зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу псэурт.

Жэмтхьэлэ къуажэ школым классибл къыщиуха нэужь, Аскэрбий пэщIэдзэ классхэм я егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр курсхэм щIэтIысхьащ. Ар къиухри, 1937 гъэм и фокIадэм щегъэжьауэ 1940 гъэм и жэпуэгъуэ пщIондэ я къуажэ школым щылэжьащ. 1939 гъэм Сокъур ТIэмашэ дунейм ехыжащ. ЩIалэ нэхъыжьхэр лажьэурэ, нэхъыщIэхэр зыхуей хуагъазэу къыдрагъэкIуэтейрт. Аскэрбий лажьэурэ икIи еджэурэ щIэныгъи зригъэгъуэтащ. 1940 гъэм гъатхэпэм абы щхьэгъусэ ищIащ и къуажэгъу Щоджэн Жантий Барэсбий и пхъур.

1940 гъэм жэпуэгъуэм и 6-м Аскэрбий Ленинград къулыкъу щищIэну ираджащ. Ар яхэхуащ Энгельс и цIэр зезыхьэ дзэ-политикэ училищэм и комендант взводым.

Хэку зауэшхуэр къэхъейри, 1941 гъэм и бадзэуэгъуэм училищэр Шуе къалэм ягъэIэпхъуащ. МазихкIэ абы щагъэхьэзырырт командир-политлэжьакIуэ нэхъыщIэхэр. Училищэм и комендант взводыр, цIыху 21-рэ зыхэтыр, Ленинград къэнащ училищэр яхъумэну. Ауэ абы дзэ сымаджэщыр къыщагъэIэпхъуэм, комендант взводыр Выборг районым ягъэкIуащ. Абы щыIэт фашистхэм пэщIэтыну зэгухьа цIыхубэм и 4-нэ дивизэм и дзэ комиссариатыр. Дивизэр полкищу зэхэтт. 1941 гъэм и шыщхьэуIум Сокъур Аскэрбий зыхэта 2-нэ полкыр Ленинград яхъумэну Пулковск лъагапIэм ягъэкIуащ. Аскэрбий РККА-м къулыкъу зэрыщищIар къалъытэри, 3-нэ разведбатым и тIасхъэщIэххэм хагъэхьащ.

1941 гъэм шыщхьэуIум и кIэм щегъэжьауэ жэпуэгъуэм и пэщIэдзэм нэс екIуэкIа зэхэуэхэр егъэлеяуэ гуащIэу зэрыщытым къыхэкIыу, дзэ часть куэд зэгуагъэхьэжырт. ДНО-м и 4-нэ дивизэр Выборг районым и ДНО-м и 5-нэ дивизэ ящIыжри, 42-нэ армэм и 13-нэ дивизэм гуагъэхьэжащ. Иджы Сокъурым къулыкъу щищIэр 42-нэ армэм и 13-нэ дивизэм и 296-нэ фочауэ полкырт.

Жэпуэгъуэм и 6-м Аскэрбий уIэгъэ хьэлъэ хъуащ. Ахэр, сэлэти 7 хъууэ щIытIым иту лагъым къахэхуати, тIур зэуэ иукIат, плIыр уIэгъэ хьэлъэ хъуат, лъэрытету къэнар зыт. Аращ уIэгъэ хъуа сэлэтхэр уIэгъэщым зышар. А махуэхэр игу къигъэкIыжу, Аскэрбий и дэфтэрым иритхащ:

«1941 гъэм жэпуэгъуэм и 6-м Ленинград щыIэ 499-нэ сымаджэщым сыщIэхуащ. Мазэ дэкIри, щэкIуэгъуэм и 6-м, си узыншагъэр зэтеувэжауэ, 296-нэ фочауэ полкым сыхыхьэжащ. А полкым сыхэтут сэ япэ дыдэу фашистхэм сащыпэувар. А зэманым ди дивизэм зыщигъэбыдат Кискино - Камень - Кайровэ - Копкоревэ къуажэхэр - Пулковскэ обсерваторэр къызэдиубыду. Дивизэм и штабыр Шереметьев паркым и деж (нэхъапэм «Пулковскэ» аэропорт здэщытам) щыIэт. Пулковск лъагапIэм зэхэуэ гуащIэхэр щекIуэкIырт. «Сыт хуэдэ уасэ щIэттми, бийр къэдгъэувыIэн хуейщ»,- арат Ленинград фронтым и командирым и унафэр.

1941 гъэм дыгъэгъазэм и 20-м, нэмыцэ автоматым и шэ къыстехуэри, аргуэру уIэгъэ сыхъуащ. Аргуэру Ленинград, 171-нэ госпиталым сыщIэхуащ. УIэгъэ хьэлъэ хъуахэм сащыщти, куэд дэмыкIыу дынагъэсащ Киров областым щыIэ Халтурин къалэм. Абы, Вяткэ псым и гъунэгъуу, 3160-нэ эвакогоспиталь къыщызэрагъэпэщат.

1941 гъэм дыгъэгъазэм и 20-м щегъэжьауэ 1942 гъэм и пэщIэдзэ пщIондэ си узыншагъэр зэтезгъэувэжащ. Медицинэ комиссэм дзэм къулыкъу щысхуэмыщIэжыну къилъытэри, ныкъуэдыкъуагъым и II гупыр схуатхащ. Дзэм сыкъыхагъэкIыжу сыкъыщыкIуэжам илъэс 22-рэ си ныбжьу арат.

ЖЭМТХЬЭЛЭ къигъэзэжа нэужь, Аскэрбий къуажэ советым и секретарь лэжьыгъэм пэрыуващ. Ауэ зауэр къэсащ зыщалъхуа лъахэми. 1942 гъэм жэпуэгъуэм и 28-м щегъэжьауэ 1943 гъэм и щIышылэм и 1 пщIондэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр нэмыцэ-фашистыдзэм иIыгъащ. 1943 гъэм щIышылэм и пэм бийр ирахужьэжащ. Сокъурым пищэжащ и лэжьыгъэм. Иджыри илъэсиблкIэ - 1950 гъэ пщIондэ - пэрытащ ар IэнатIэм. 1943 гъэм Сокъурхэ я унагъуэм къащIащ я къуэш нэхъыжь Хьэжысмел Белоруссием, Витебск и деж, хъыбарыншэу зэрыщыкIуэдар.

Зауэр иуха нэужь, Аскэрбий къратащ «За доблестный труд в 1941 - 1945 годы», «За оборону Ленинграда» медалхэр.

И узыншагъэр мыщIагъуэж пэтми, республикэм, районым, къуажэм щыIэ псэукIэр ефIэкIуэным и гуащIэ хилъхьащ. 50-60 гъэхэм «Заря коммунизма» мэкъумэш IуэхущIапIэм, КъБАССР-м и промышленнэ кооперацэм, «Москва» колхозым щылэжьащ. Илъэс 15-кIэ (1962 - 1977 гъэхэм) Жэмтхьэлэ ЩэнхабзэмкIэ и унэм и унафэщIу щытати, щIэблэм ди лъэпкъ, дунейпсо щэнхабзэхэр яхипщэнымкIэ хузэфIэкI къигъэнакъым.

Ленинград зыхъумахэм зэрахэтар абы зэи игу ихуакъым. 1982, 1984, 1986, 1987 гъэхэм Ленинград кIуэри 42-нэ армэм и 13-нэ дивизэм и 296-нэ полкым и ветеранхэм я зэхуэсым хэтащ. Ахэр щекIуэкIащ Выборг районым ЩэнхабзэмкIэ и унэм. Ветеранхэм я зэIущIэм сыт щыгъуи къокIуэ Ленинград и школ №274, №470-хэм щезыгъаджэхэмрэ еджакIуэхэмрэ. Школ №274-м и пщIантIэм «Ополченец» фэеплъыр дащIыхьащ. Илъэс къэс ТекIуэныгъэм и махуэм абдеж щызэхуос ветеранхэр.

Сокъур Аскэрбийрэ и щхьэгъусэ Жантийрэ щIалих яIэщ: Хьэсэнбий, Анатолэ, Борис, Алексей, Мухьэмэд, Руслан. Абыхэм къащIэхъуащ къуэрылъхуу 17.

1992 гъэм мэлыжьыхьым и 21-м Аскэрбий дунейм ехыжащ.

Адэм и къэрал дамыгъэхэр (ахэр 14 мэхъу), абы и сурэтхэр, и тхыгъэхэр зэрыт дэфтэрхэр ехъумэ Сокъур Аскэрбий и къуэ Руслан. Ар Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм хэт «Форум» киногъэлъэгъуапIэм и унафэщIщ.

ТИЛОВ Руслан,
КъБР-м и къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм и унафэщIым и къуэдзэ.

Ящымыгъупщэн папщIэ

ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 70 зэрырикъум ирихьэлIэу ди къэралым и библиотекэхэм щекIуэкIащ «Зауэм теухуауэ цIыкIухэм дакъыхуоджэ» акцэр. Ар зыхуэгъэпсар къыдэкIуэтей щIэблэр и лъэпкъым, и блэкIам щыгъуазэ щIынырщ, я адэшхуэ-анэшхуэхэм я нэгу щIэкIа гузэвэгъуэр ящымыгъэгъупщэнырщ.

ЛАШЫНКЪЕЙ дэт библиотекэм щызэхэта апхуэдэ Iуэхугъуэм кърихьэлIащ школакIуэхэр. Ахэр япэщIыкIэ къуажэ музейм щызэхуэсащ. Библиотекэм и унафэщI Къуэныкъуей СэIихьэт сабийхэм яригъэлъэгъуащ музейм фIэлъ зауэм хэта я къуажэгъухэм я сурэтхэр, абыхэм зэрахьа лIыгъэхэм яхутепсэлъыхьащ. Апхуэдэу зи гугъу ящIахэм ящыщщ къуажэдэсхэр зэрыгушхуэ Совет Союзым и ЛIыхъужь Къуэныкъуей Назир. Ар кхъухьлъатэзехуэу Хэку зауэшхуэм хэтащ, 246-рэ уэгум ихьащ, бийм и кхъухьлъатэу езым и закъуэ 15, гупым яхэту 8 къриудыхащ.

ИужькIэ СэIихьэт сабийхэм къахуеджащ Зощенкэ Михаил и «Сабий хахуэхэр» рассказым. Ар зытеухуар зауэ зэманым илъэсипщI-пщыкIущ фIэкIа ныбжьу зимыIэ сабийхэм нэмыцэ кхъухьлъатэзехуэ гъэру къызэраубыдарщ. КъекIуэлIа цIыкIухэр икъукIэ яфIэгъэщIэгъуэну едэIуащ рассказым, иужькIэ абыхэм ар зэпкърахащ, упщIэхэм жэуап иратащ. Иужьым сабийхэм я адэшхуэ-анэшхуэхэм къаIуэтэжа хъыбархэмкIэ къызэхуэсахэм ядэгуэшащ ДыщэкI Олесярэ Къуэдзокъуэ Алисэрэ.

ЗэIущIэм и кIэухыу къызэхуэсахэм псалъэ гуапэхэмкIэ захуигъэзащ къуажэ унафэщIым и къуэдзэ КIэбышэ Анатолэ.

Илъэс 70 дэкIащ ТекIуэныгъэ Иныр къахьауэ Хэку зауэшхуэр зэриухрэ. Абы и лъэужьыр иджыри зэман куэдкIэ ди щIым тегъущыкIынукъым.

МАМРЭШ Мадинэ.

Унафэ зытещIыхьыпхъэхэр мащIэкъым

Къуажэ зэхуэсхэр

ХьэтIохъущыкъуей ИпщэкIэ зэджэу щыта Зеикъуэ къуажэр республикэм и жылагъуэ нэхъ зызыужьахэм, лэжьыгъэшхуэ зыдэлъхэм ящыщу зэрыщытар нэхъыжьхэм фIыуэ ящIэж. Ди псэукIэ-зэхэтыкIэм зедгъэхъуэжынущ жаIэу къэралыр щакъутэжам а псор зэуэ зэтещэхат. Абы къыздихьа гугъуехьхэр, адрейхэми хуэдэу, мы жылэми къыжьэхэуат.

ГЪАЩIЭМ и лъэныкъуэ псори зэIызыщIа «зэхъуэкIыныгъэм» цIыхур хьэжэпхъажэ ищIат, кърахьэжьа Iуэху зехьэкIэ мыхъумыщIэм, мыгурыIуэгъуэм инми цIыкIуми я гур ириудат. А лъэхъэнэм бэм я нэгу щIэкIар пщIыхьэпIэ шынагъуэм хуэдэт. ЩытыкIэр хуэм-хуэмурэ зэтеувэжу, псэукIэр къызэзыгъэпэщ пщалъэхэр хабзэкIэ щIагъэбыдами, унафэ зытещIыхьыпхъэ Iуэхугъуэхэр ди жылагъуэхэм нобэ щымащIэкъым. Мис аращ зытеухуауэ щытар Зеикъуэ къуажэм иджыблагъэ щекIуэкIа зэхуэсыр. Абы хэтащ Бахъсэн щIыналъэ администрацэм ухуэныгъэмрэ ЖКХ-мкIэ и IуэхущIапIэм и тхьэмадэ Ует Анатолэрэ Урысейм и МВД-м и «Бахъсэн» щIыпIэ зэхуаку къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ Алэкъул Армедрэ.

- Мы зэIущIэр ди жэрдэмкIэ къыхэтлъхьащ. Абы теухуа хъыбарыр пасэу зэбгредгъэхами, къэрихьэлIар хуабжьу мащIэщ. Къуажэ Iуэху щызетхуэнукIэ, жылэ унафэ къыщытщтэнукIэ, зыхущIагъэхьамэ ягъэ кIынтэкъым. Сыту жыпIэмэ, ахэр псори псэуныгъэм ехьэлIащ, - къигъэлъэгъуащ щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Къэрмокъуэ Гъумар зэхуэсыр къыщызэIуихым. - Япэу зи гугъу тщIынур псым и Iуэхурщ. АбыкIэ жылэр хуабжьу гугъу йохь икIи тхьэусыхафэ куэд къешэ. Фызэрыщыгъуазэщи, ди къуажэм зэи къыщIэшыпIэ иIакъым. Псынэпс зэхуэхьэсар насоскIэ къагъакIуэу арати, 2002 гъэм щыIа псыдзэм ар Iуихри, иужькIэ тэмэму яхузэтеухуэжакъым. Мы IэнатIэм сыщыпэрыхьам зы къыщIэшыпIэ къезгъэтIати, идгъэува насосыр зэрылажьар зы илъэсщ, псыуи щIэта щыIэкъым. Егъэлеяуэ зэрыхуэбам къыхэкIыу, илъэситI кIуам уэшх щIагъуэ къехакъым, щIымахуэми уэс щыIакъым. КъыщIэшыпIэ къызэредгъэтIын мылъку дбгъэдэлъкъым. ЩIыналъэ администрацэри, КъБР-м и Правительствэри, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэри абы щыгъуазэщ. Арами, щхьэзыфIэфI дызэрыхъуам ди Iуэхур нэхъри нэхъ гугъуж ещI. Псы дыхуейщ, ауэ а къэдгъакIуэ мащIэм и уасэр еттыфыркъым. Бахъсэн райсетым и щIыхуэу сом мин щищ ттелъщ. КъищынэмыщIауэ, дызыIэщIэлъу щыта предприятэр нэгъабэ и бадзэуэгъуэм банкрот хъуати, Бахъсэненкэ къуажэм и коммунсетым зыпытщIауэ долажьэ. Абы лъандэрэ сом мелуанрэ мин 522-м щIигъу къуажэдэсхэм щIыхуэу къатехуащ. Ар зэуIуу къыхэтхыжрэ райсетым ейр дыпшыныжмэ, адрей къанэм сом мелуанрэ мин 200-м къыщIэшыпIэ къыдигъэтIынущ.

КъыщIэшыпIэхэм емылIалIэу, псынэпсхэр къэгъэсэбэпын хуейуэ къэзыгъэувхэм я жэуапу Къэрмокъуэ Гъумар къыхигъэщащ ар зэрыщхьэгъэпцIэжыр, абыхэмкIэ бжьамийхэр зэрыпхуэмыгъэнщIынур. НасоскIэ псы зратыфыр унагъуэхэм я процент 30-рщ. Нэхъыбэм езыр-езыру къех, псынэпсхэмрэ псыкъуийхэмрэ къагъэсэбэп. Бжьамийхэр Iисраф хъуащ, икудащи, псыр лейуэ мэкIуэд. Проект институтым и IэщIагъэлIхэм псынэпсхэм я Iуэхур зеикъуэдэсхэм хуагъэдахэркъым. Япэрауэ, абыхэмкIэ жылэр пхуэгъэнщIынукъым, етIуанэрауэ, псынэхэр къапщытати, къыщIэжхэм я процент 90-м уефэ хъунукъым.

ЩIыналъэм ухуэныгъэмрэ ЖКХ-мкIэ и IуэхущIапIэм и унафэщI Ует Анатолэ зэрыжиIамкIэ, къуажэр псы кIуапIэхэмкIэ зэрызэхуагъэкIуэнум и проект щыIэщ. Абы ипкъ иткIэ, етIанэгъэ зэфIагъэкIынухэм сом мелуани 3-рэ мин 349-рэ хухахащ. Псори зэхэту проектыр сом мелуан 18 и уасэщ. Уетым зэхуэсахэм яхуиIуэтащ уэрамхэр, хьэблэщIэхэр газкIэ къызэгъэпэщыным хуэунэтIауэ зэлэжьхэр. КъызэригъэлъэгъуамкIэ, абы и проектыр хьэзырщ, хуэзэну ахъшэри яIэщ, газ кIуапIэхэр, гуэшыпIэхэр къызэдекIуэкIыу къуажэм щызэпадзэнущ.

Егъэджэныгъэм и ветеран, Зеикъуэ и жылагъуэ организацэхэм я советым и тхьэмадэ Мэршэнкъул Хьэсэнбий, зэхуэсым къыщыхалъхьа Iуэхугъуэхэм къадэкIуэу, нэгъуэщIу зыгъэпIейтейхэми къытеувыIащ. Апхуэдэщ унагъуэ минищ зыдэс жылэм лэжьыгъэ зэрыдэмылъыжыр, совет лъэхъэнэм щыIа IэнатIэхэр зэрызэхуащIыжар, щIалэгъуалэ куэд нэгъуэщI щIыпIэхэм зэрыIэпхъуэр, гъуэгу нэхъыщхьитIым языр зэрызэхэкъутар, хэкIуэдэжыным зэрынэсар, нэгъуэщIхэри. Абы и псалъэм къыпищэу Къэрмокъуэ Гъумар къигъэлъэгъуащ Iэщ хьэулейхэр куэд зэрыхъуар, Iэхъуэхэмрэ хъупIэхэмрэ я Iуэхум иджыри къыздэсым унафэ зэримыгъуэтар.

- ПщIэ зиIэ нэхъыжьхэр, депутатхэр тщIыгъуу къуажэр унагъуэ чэзууэ мызэ-мытIэу къызэхэткIухьащ, я былымыр яубыдыну, Iэхъуэ къащтэну делъэIуащ. Ауэ ди хьэтыр къалъагъуркъым. Сэ Iэхъуит I къахуэзгъуэтати, хъупщIэр щрамытым IукIыжащ. Къуажэкум хуэзэ федеральнэ автомобиль гъуэгум Iэщыр тезщ. НэгъуэщI Iуэху ямыIэ нэхъей, ГИБДД-м и лэжьакIуэхэм ахэр кърахуэкIри дэтщ. КъБР-м и Правительствэм къопсэлъыкI, дагъэукIытэ. Ди напэр токI, мыбы икIэщIыпIэкIэ унафэ гуэр тедмыщIыхьу хъунукъым. Iэхъуэ къэзыщтэн хуейри, хъупщIэр тэмэму ямытмэ, ар къыхэзыхыпхъэри къуажэдэс нэхъыжьхэрщ. Абыхэм нэхъ фIэлIыкI яIэщи, щхьэзыфIэфIхэр яхуэгъэукIытэнущ. Илъэс зыбжанэ хъуауэ мы Iуэхур зэтес тхуэщIыркъым. ДяпэкIэ апхуэдэу екIуэкIыу ддэнукъым, Iэхъуэхэр, хъушэхэр, хъупIэхэр зы хабзэ хэхам тету зэдгъэуIунущ, - къыхигъэщащ щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм.

Урысейм и МВД-м и «Бахъсэн» щIыналъэ зэхуаку къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ Алэкъул Армед зеикъуэдэсхэр къигъэгугъащ абыкIэ къадэIэпыкъуну. Полицэм и участкэ инспекторхэр, автомобиль инспекцэм щыщхэр зи Iэщыр зыутIыпщхэм тхIийуэ ябгъэдыхьэнущ, къуэды тралъхьэнущ. «Iэхъуэм умыгъэкIуэнумэ, уи Iуэм игъэтыж!» - аращ дяпэкIэ хуагъэувынур.

Къуажэм къабзагъэр къызэрыщызэрагъэпэщ щIыкIэми псалъэмакъышхуэ иращIэкIащ. ПхъэнкIий гъущэр, къызэрыгуэкIыр я хадэм, я пщIантIэм щагъэсыжыркъым, куэншыбымрэ пкъыгъуэбыдэхэмрэ зэхэлъу уэрамыщхьэхэм, гъуэгубгъухэм, псынащхьэхэм, бжыхь лъабжьэхэм щракIут, зыхуэзэм деж щрадз.

- ДызыгъэпIейтейр абы и закъуэкъым. Туф карьерым чырбышыпхъэр (пепел) зэпымыууэ къыдаш. Машинэ хьэлъэхэм ди гъуэгухэр якъутэ. КъыщхьэпрыкIыу иракIутэри, щагъэIэпхъуэкIэ кIэрощэщ, жьым зэбгрех. Гъуэгубгъум щыпсэухэм я унащхьэхэр, я пщIантIэхэр еуцIэпI, жьыщIыгъэр ирадз хъуркъым, сабэм щIегъанэри яхуэгъэкъэбзэжыркъым. ЧырбышыпхъэуиралъхьэряIэмэщIэн, жьым кърим ыхын хуэдэу ар щIахъумэн зэрыхуейм елIалIэркъым. Абыхэми, зэрагъэувам тету, зи пхъэнкIийр Iуезымыгъэшхэми къуажэ унафэкIэ ябгъэдыхьапхъэщ, - къигъэуващ курыт еджапIэ №2-м и унафэщI Къумыкъу Аслъэн.

Зеикъуэ щыщ щIэныгъэлI, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым химиемкIэ и кафедрэм и профессор Шурдым Барэсбий тегузэвыхьу къигъэлъэгъуащ къуажэм дэкI кIэнауэм цIыхуи Iэщи зэрыхэкIуадэр, ар къахухьыну игъуэ зэрыхъуар, абы и лъэныкъуэкIэ «РусГидро» ОАО-р зэрыжэуаптакIуэр.

ЗыгъэпIейтейхэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэмрэ къаIуатэу зэхуэсым къыщыпсэлъащ АбытIэ Борис, Къэрмокъуэ Жанхъуэт, БжьыхьэлI Мухьэб, Сыжажэ Хьэрэбий, Щауэ ЖэбрэIил, нэгъуэщIхэри. Абыхэм къагъэувхэр зэпкъраха нэужь, зытепсэлъыхьахэм ятеухуа унафэ къащтащ, ар щагъэзэщIэну пIалъэхэр ягъэбелджылащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.
Налшык - Зеикъуэ - Налшык

Медицинэ дэIэпыкъуныгъэм арэзы фытехъуэрэ?

Узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэм щыкIэлъыплъынымкIэ федеральнэ агентствэм и Управленэу КъБР-м щыIэм и сайтым (http:07reg.roszdravnadzor.ru) иралъхьащ медицинэ дэIэпыкъуныгъэр зыхуэдэр къэпщытэнымкIэ анкетэ.

САЙТЫМ и напэкIуэцI нэхъыщхьэм и сэмэгурабгъумкIэ къехыу иратхащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэ пхыдзахэм дэсхэм папщIэ анкетэ». Ар къызэIуах мыпхуэдэ упщIэмкIэ: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и жылагъуэ пхыдзахэм щыIэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэмрэ цIыхухэр хущхъуэхэмкIэ къызэрызэрагъэпэщымрэ дауэ къыфщыхъурэ?» Абы и жэуапу щы къыкIэлъокIуэ: дэгъуэу, курыту, зэкIэлъымыкIуэу. Абыхэм ящыщу фызыхуей жэуапыр къыхэфхыу «хьэзырщ» псалъэм тефкъузэн хуейуэ аращ.

ЕтIуанэ анкетэр зытхри къагъэлъагъуэркъым, ауэ ар нэрылъагъуу нэхъ убгъуащ, зыхуэгъэзари гулъынтхуэ узхэмрэ цереброваскулярнэ узыфэхэмрэ зыпкърытхэрщ. Зи гугъу тщIа напэ дыдэм ит «Жылагъуэ совет» псалъэм тепкъузэмэ, къыкIэлъыкIуэ менюр къызэIуех, абы «хъыбарыщIэхэр» Iыхьэр къыхэхын хуейуэ аращ. Анкетэр къызэIуиха нэужь ар тедзауэ зыхуэфащэ сатырхэм жэуап етын, сканеркIэ тхыжу zdravnadzorkbr@yandex.ru электрон хэщIапIэм егъэхьэжын хуейуэ аращ. Мыр нэхъ зэгугъупхъэ анкетэщ, ауэ абы къыщыгъэува упщIэхэм я жэуапхэм куэдкIэ елъытащ медицинэ дэIэпыкъуныгъэр зэрефIэкIуэнур.

ХУЖЬОКЪУЭ Наталье.

Умыгъагъэ пасэу, си жыгыщIэ

Адыгэ тхакIуэ, усакIуэ цIэрыIуэ Мысачэ Пётр къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу

Мысачэ Петр ТIатIушэ и къуэр 1930 гъэм гъатхэпэ мазэм и 3-м Псыгуэнсу къуажэм къыщалъхуащ. 1957 гъэм щегъэжьауэ, Литературэ институтыр къызэриух лъандэрэ, Мысачэр «Советская молодежь» газетым, «Iуащхьэмахуэ» журналым я редакцэхэм щылэжьащ. ТхакIуэр 1988 гъэм дунейм ехыжащ.

Мысачэ Пётр и усэхэр, рассказхэр, повестхэр щызэхуэхьэсауэ къыдэкIащ «Къурш псынэ», «Уэращ зи фIыщIэр», «Ди нартхэр», «Уэгу пкIэлъей», «Кхъужьейр мэгъагъэ», «Гъуэгуанэ», «ЕтIуанэ щIалэгъуэ», «Си Iыхьлыхэр», «Псынэм и уэрэд» тхылъхэр.

И фIыщIэмрэ и пщIэмрэ кIуэд яIэкъым

ДИ ЛИТЕРАТУРЭМ хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIа Мысачэ Пётр дунейм дахэу тетащ: Москва дэт Литературэ институтыр къиухыу Къэбэрдей-Балъкъэрым къигъэзэжа нэужь, «Советская молодежь» газетым зэрыщылэжьа тIэкIур хэбгъэкIыжмэ, абы и гъащIэри и гуащIэри ирихьэлIащ илъэс тIощIрэ пщIыкIэ щылэжьа «Iуащхьэмахуэ» журналым и Iуэхур тэмэму екIуэкIыным, ар ди литературэм и гъуазэ хъуным. Хэбгъэзыхьмэ, абыкIи зэфIэкIыртэкъым Мысачэм и къалэныр - ар жыджэру хэтт Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТхакIуэхэм я союзым иригъэкIуэкI лэжьыгъэ псоми: тхакIуэхэм я парт организацэм и пашэу илъэс зыбжанэкIэ щытащ, ТхакIуэхэм я союзым и правленэм куэдрэ хэтащ, КъБАССР-м и Суд нэхъыщхьэм и заседателу илъэс IэджэкIэ зэрылэжьам папщIи щытхъу тхылъхэр къыхуагъэфэщащ. Ауэ а псом нэхърэ нэхъ гуапэу, нэхъ щхьэпэу абы ищIэу щытам лэжьыгъэ къудейкIэ фIэкI уемыджэныр къуаншагъэ хъунт. Зи гугъу сщIыр творческэ щIалэгъуалэм ядэлэжьэнымкIэ, абыхэм ядэIэпыкъунымкIэ, ахэр гъуэгу тэмэм тегъэувэнымкIэ Мысачэ Пётр зэфIигъэкIыфу щыта IуэхушхуэхэмкIэ. Езыми зэрипсэлъафэу щытащ, пщIыпIэ урикъуну си гугъэкъым, 60 гъэхэм я щIэдзапIэм къэкIуа адыгэ литературэм и усакIуэхэм я творческэ гъуэгуанэр убзыхуа хъунымкIэ Мысачэм бгъэдэлъ фIыщIэмрэ пщIэмрэ зэи кIуэд зэримыIэнур жыпIэми. Ар псом нэхърэ нэхъыфIу ящIэж хъунщ икIи ящыгъупщэну къыщIэкIынкъым абы щыгъуэ автор нэхъыщIэу щытахэм. Абыхэм ящыщщ иджы ди литературэм и дамэ лъэщ хъуа ди тхакIуэхэм, усакIуэхэм. Мысачэ Пётри лIэщIыгъуэу тIуэ щыс къудейкъым къигъэщIэнур. Сыту жыпIэмэ, ар илъэс щэщIрэ зыхыблкIэ гурэ псэкIэ зыхуэлэжьа адыгэ литературэм, къызыхэкIа лъэпкъым [illegible].

«Къурш псынэмкIэ» ди литературэм лъагъуэ щыпхызыша (1955 гъэ) усакIуэм и къалэмыпэм къыщIэкIа тхыгъэхэр иту дунейм къытехьащ тхылъ тIощIым нэс. Къурш псынэ цIыкIуу ди литературэм къыкIыхьа Мысачэм и творчествэм зиужь зэпыту, абы и дуней еплъыкIэм зихъуэжу, и гупсысэхэм я къуэпсыр увыIэгъуэ ямыIэу зэрызадзым я щыхьэтщ Пётр и усэ нэхъыфIхэр.

Си щхьэкIэ шэч къытесхьэркъым, уфIэфIмэ, ахэр сыт хуэдэ тхылъеджэми я пащхьэ илъхьэ, «Дерс», «Ныбжьэгъум», «Ныбжьэгъуlэ», «Умыгъагъэ пасэу», «Сэтэней», «Иремыж вагъуэ» усэхэм хуэдэхэм уатемыукIытыхьыныр щыгъэтауэ, абыхэм ди лъэпкъ литературэм и пщIэр яIэт зэпыту зэрыщытынум. Апхуэдэу щIыжысIэр, пасэу дунейм ехыжа ди ныбжьэгъум къимылэжьа, хуэмыфащэ щытхъу хуэзгъэшыну аракъым, атIэ зи ныбжьэгъум щхьэкIэ: «хуабэщ и Iэр, апхуэдэм зыхэпщIэу, пфIэфIым, уи бгъэм телъхьэ, гур егъэу» сатырхэр зи псэм къыбгъэдэкIа Мысачэ Пётр усакIуэ хъэлэмэту, уи гур зыкъуэмыпIыщIыкIын цIыху телъыджэу зэрыщытам и гугъу сщIы къудейуэ арaщ. Апхуэдэ щапхъэхэр гъунэжу къипхыфынущ «Уэгу пкIэлъей» усэ тхылъым.

«Умыгъагъэ пасэу» лирико-философскэ усэ гъуэзэджэр:

Умыгъагъэ пасэу,
си жыгыщIэ,
Уае птехъуэм,
къыпхуэхъунщ зэран:
Уэ гъатхэпэ дыгъэр уипкъ
зыхищIэм,
КъыпщымыхъуэкIыну къэсауэ
уи зэман.

Гъэгу гъуэмылэр
зышхыжауэ, гъуэгуанэм
Укъытенэм,
ухущIегъуэжынщ.
Ауэ Iэпэм уедзэкъэжкIэ,
дэнэ
УиIэн хуей дахагъэр
къипхыжын...

Уи къудамэ цIыкIухэм
къытетIысхьэу
Уххуэзэни уэрэд жызыIэн,
Уи гъэгъар лъымысым,
занщIэу ихьу
КъыбжиIэну
«къашыргъи» щыIэнщ.

Ауэ ахэр гъатхэ лIыкIуэу
плъытэм -
Уи гъэмахуэ къакIуэм
упыкIынщ,
Япэ къэс борэным
уэ уипхъуатэу
ГъащIэр хуэлэжауэ
епхьэкIынщ.

Мысачэр къызыхуалъхуар фIым усэ хуитхын къудейртэкъым - гъащIэр езыр гуфIэгъуэ зэфэзэщу зэхэлъкъым: узыгъэнэщхъеини, хэплъэгъуи, узыгъэгубжьыни, узыщIэнэкIэни ухуозэ. А псори усакIуэм гурэ псэкIэ еухуэнщI, екIыщтэ, зэрегъэзахуэ. Нэхъ захуэу жыпIэмэ, усакIуэпсэр гъащIэм и гъуджэщи, абы къимыщ дунейм щекIуэкI хабзэкъым, ауэ Iуэхур зэлъытар а гъуджэм узэриплъэ щIыкIэрщ. Сэ, псалъэм папщIэ, сигу хощI Пётр «Джэгум» зыфIища усэм сыкъыщеджэкIэ. Ар псэ мелуанхэр зыгъэна мафIэ лыгъэм и джэрпэджэжщ, абы зи нэпс къыщIигъэкIынури зауэм и пэкIэ къэфакIуэ Iэзэу, ислъэмей щIынкIэ къытекIуэ щымыIэу къуажэм дэса, ауэ иджы зи лъакъуэр пымытыжрэ щIакъуэ башитIыр зыщIэгъэкъуауэ джэгум хэплъэу щыт щIалэм и закъуэкъым. ГуфIэгъуэри гуIэгъуэри зэпылъщ жыхуиIэуэщ усэм хэт лирическэ лIыхъужьыр Iуэхум зэреплъыр. Гудзакъэ зиIэ усакIуэм и псэ къуэпсым къыфIэнащ джэгум хэт адрейхэм я нэр зыхуэмызар - башитIым блыгукIэ тегъэщIауэ, зи нэпсым къызэпижыхьауэ щыт щIалэр:

СощIэж сэ куэдрэ
къысхуихуауэ
Адыгэ джэгу сыхэтыну,
Ауэ а джэгум кIэ имыIэу,
КIыхькIэ си хэкум
щекIуэкIыным
ПапщIэ къэфакIуэ
зи лъакъуэ
Зытам и нэпс
щыслъэгъуауэ
Щыта а джэгур сигу
къинауэ
Илъщи - слъэмыкI
сщыгъупщэну.

Апхуэдэ усэр и мащIэкъым Пётр. И кудц абы лъагъуныгъэ усэхэри, гушыIэ дахэрэ ауан щIэгъэщыхуамрэ къызэбэкI сатыр пIасклIуэхэри, зэныбжьэгъугъэм, цIыхугъэ дахэм, адыгагъэм, зыхуэдэ гъуэтыгъуей ди лъахэ телъыджэм теухуахэри - кIэщIу жыпIэмэ, абы игури и псэри ялъэIэсащ гъащIэм и къэхъукъащIэ псоми.

Сабийбзэ IэфIым балигъ псалъэ шэщIыкIэ [illegible]

ми пкъы быдэу щIэуващ. Ауэ мыбдеж занщIэу къыщылъытэн хуейщ Пётр дэтхэнэ зы цIыхуми езым къилэжьыж уэрэдыр лъыгъэсыжын зэрыхуейр, емрэ фIымрэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, щызэIэпэгъу, ауэ лIэнкъэнэнуи зыщызэраупсей гъащIэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэм щхьэж хуэфащэ уэрэдыр зэрыхуэусыпхъэр тэмэму къызыгурыIуэ тхакIуэу зэрыщытар.

Мысачэ Пётр езыр цIыху къызэрыгуэкIыу дунейм зэрытетам ещхьт абы гъащIэм къыхиубыдыкI лIыхъужьхэри. ТхакIуэм ямылейуэ абыхэм зыри ябгъэдилъхьэртэкъым, зэрыщымытауэ къигъэлъэгъуэнуи пылътэкъым. «Кхъужьейр мэгъагъэ» повестым тхакIуэм щыдигъэлъагъу Мадинэт и фэгъу дэтхэнэ зы адыгэ къуажэми ущрихьэлIэнут.

Мысачэ Пётр и прозэр лъэщ, гукъинэж зыщIхэм ящыщ зыуэ жыпIэ хъунущ абы и рассказхэри повестхэри, тIысу къагупсыса мыхъуу, ахэр ди гъащIэм, ди адыгэ псэукIэм, зэхэтыкIэм я джэрпэджэжу зэрыщытыр. «Кхъужьейр мэгъагъэ» повестым хэт Мадинэт, «Псыхъуэ гуащэм» щытлъагъу Къантемыр, Наурыз, Iэминат, «Лэчымэ», «Артисткэ», «Къуэ нэхъыщIэ», абы пызыщэ «Дадусэ и щIалэхэр», «БжьаIуэм» нэгъуэщI рассказхэми Iэпкълъэпкъырэ псэрэ яхуэхъу лIыхъужьхэм хуэдэхэращ гъащIэр гъащIэ зыщIыжри, дунейр зэтезыIыгъэри. Мысачэм и къалэмыпэм къыщIэкIа повестхэмрэ рассказхэмрэ ди литературэм и ехъулIэныгъэхэм ящыщу къэплъытэ хъунущ. ЩоджэнцIыкIу Iэдэм и повестхэм я ужькIэ Пётр хуэдэу мэкъумэшыщIэхэм, Iэщыхъуэхэм, механизаторхэм зи къалэмыр хуэзыгъэлэжьа ди тхакIуэхэм куэд яхэтакъым. Куэдым зызрамыпщыт а Iуэхур сэ къыдэсхыжынщ жиIэу къалэн зыщищIа къудей мыхъуу, гуузлыуз иIэу, и псэр етауэ, и зэмани и къаруи емыблэжу илъэс IэджэкIэ елэжьащ Мысачэм и тхылъ нэхъыфI дыдэхэм ящыщ «Си Iыхьлыхэр» жыхуиIэм щызэхуэхьэса тхыгъэхэм.

Къыжыlэн хуейщ Мысачэм и творчествэм ущытепсэлъыхькIэ ар драматург лъэрызехьэуи зэрыщытар гулъытэншэу къэбгъэнэ зэрымыхъунур. Пётр и Iэдакъэм къыпыкIа пьесэ нэхъыфIхэм («Псэм и щIасэр нэм фIэдахэщ», «Ар уд напэщ») къытращIыкIа спектаклхэр Iэджэрэ щагъэлъэгъуащ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым.

Аркъудейркъым Мысачэм ди гъуазджэм, щэнхабзэм хуилэжьар. Абы адыгэбзэкIэ зэридзэкIащ тхакIуэ куэдым я зэрамыпщIыфыпщын классическэ пьесэ зыбжанэ. Абыхэм ящыщщ Шекспир и «Пщыхьэ Лир», «Жэщ епщыкIутIанэ», Мольер и «Тартюф», Шиллер и «Абрэджхэр», Островский Николай, Гамзатов Расул, Карим Мустай сымэ, нэгъуэщIхэми я пьесэхэр.

Езым и тхыгъэхэр нэгъуэщIыбзэкIэ зэрадзэкIыурэ къызэрыдагъэкIым (Мысачэм и усэхэр, прозэ тхыгъэхэр иту Москва тхылъ, Налшык урысыбзэкIэ тIу къыщыдэкIащ) папщIэ щIыхуэ зытримыгъэхьэу пылътэ, зи гугъу сщIа пьесэхэм къадэкIуэу, абы куэду зэридзэкIащ Лермонтовым, Шевченкэ, Райнис, Есениным, Маяковскэм, Кулиевым, нэгъуэщI Iэджэми я тхыгъэхэр. Ахэри ди литературэ щэнхабзэм и пхъуантэр мыкIуэдыжу къыщIэнащ апхуэдэ куэд зэщIэзыфIну щыта ди тхакIуэ гъуэзэджэу, ди ныбжьэгъу пэжу дунейм тета Мысачэ Петр.

ЕЛГЪЭР Кашиф.

ТIатIушэ и къуэ пажэ

МЫСАЧЭ Пётр си Iыхьлыт. Ар Москва дэт Литературэ институтым щыщеджэм щыгъуэ си анэм щIыгъуу Псыгуэнсу дыкIуэрэ абы и адэ-анэм дабгъэдэсу щытащ. Пётр къэзылъхуахэр цIыхуфIт, гумащIэт. ТIатIушэ - арат Мысачэм и адэм и цIэр, къызэуэршэрылIэурэ я жыг хадэшхуэм сыхишэрти, мыIэрысэм я нэхъ инхэмрэ я нэхъ IэфIхэмрэ къысхупичырт, къызитыр фIэмащIэу. Хадэм и кIыхьагъкIэ пхыкIыу лъэс лъагъуэ цIыкIу иIэти, абы дытету дыкIуэурэ Псыгуэнсу Iуфэ дыIухьэрт, уэру еукIуриех псым и макъым дыщIэдэIуурэ архъуанэ куухэр сигъэлъагъуурт. Псы адрыщIымкIэ ныджэм тезу тет къазмакъ жыгышхуэхэр жьым щигъэщэнауэкIэ, ахэр нэхъ иныж хъуауэ къысфIэщIырт. А «мэзым» щызэпэджэж мэз джэдхэм я макъхэри ди деж къэсырт. А псор телъыджэлажьэ къысщыхъуу ТIатIушэ и таурыхъми сыщIэдэIуу и ужьым ситу ныджэшхуэр къызэхэткIухьырт...

Мысачэр сэ къыщысцIыхуар абы институтыр къиухыу къэкIуэжа нэужьщ. Ар си Iыхьлы пэтми, сыщыукIытэрт суцIырхъа гуэрхэр езгъэлъагъуну, мыхъуауэ жиIэнкIэ сышынэрти...

Сытми, университетым сыщIэсу си тхыгъэ гуэрхэр Пётр езгъэлъагъуу щIэздзащ. Абы и чэнджэщ сыщIигъэдэIуу, усэ къысхуеджэу уэдрэ сыбгъэдэст.

Зэгуэрым «Уузыншэу, школ» усэр дзыхь сымыщIыщэурэ къызыкъуэсхри Пётр езгъэлъэгъуащ.

- Мыр уэрэд хъарзынэ цIыкIу хъунущ, - жиIэри къызэреджэу щыгуфIыкIащ.

Зыш къызитами, абы нэхърэ нэхъ си гуапэ хуэщIынтэкъым Пётр. Сылъэтэным хуэдэу, си гур къигуфIыкIырт, си IэпкълъэпкъырIжан ищIат... Насыпышхуэ къызэуэлIауэ къысщыхъурт.

- Мыр сэ композитор гуэрым пхуезгъэлъагъунщи, игу ирихьмэ, макъамэ щIилъхьэнщ. Сэ иужькIэ хъыбар уэзгъэщIэжынщ, - къызиухылIащ Пётр .

А зэманыр гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэти, сэ къуажэм сыщыIэт, Мысачэм сигъэщIэну хъыбарым сыщIэхъуэпсуи сыкъаплъэрт, сыкъэдаIуэрт. Сытми, Налшык сыкъызэрикIыжрэ тхьэмахуитIым щIигъуауэ, Мысачэм и письмо къысIэрохьэ. Абы итт: «Уи псалъэхэм макъамэ Молэ Владимир хуитхащ. Сэри сригъэдэIуати, Iей мыхъуауэ къысщыхъуащ. Тхьэм хыуигъэгъахъуэ». СыгуфIэнтэкъэ! Дуней гуфIэгъуэр сысейт. А уэрэдыр, пэж дыдэу, илъэс щэ ныкъуэм щIигъуауэ уэрэджыIакIуэхэм жаIэ, радиокIэ къат...

Сэ зэи Мысачэм гулъытэншэу сыкъигъанэртэкъым: тхылъ къыдэзгъэкIамэ, псом япэу рецензэ хуитхырт, нэгъуэщI творческэ ехъулIэныгъэ гуэр къызэуэлIами, япэу къызэхъуэхъур арат.

ИужькIэ, сэ телевиденэм сыщылажьэ щыхъуам, щIэхщIэхыурэ ар абы къезгъэблагъэу щIэздзащ. Езыми фIэфIт телевиденэм къыщыпсэлъэну. ЖиIэр хъурт. И чэнджэщхэр, и гупсысэхэр гъэщIэгъуэнт. Абы и къэпсэлъэкIэм, зи гугъу ищI Iуэхугъуэхэм зэрачэзу дыдэм щхьэкIэ телевиденэм и нэтынхэм я гъэпсыкIэхэм хэзыщIыкI IэщIагъэлIхэр щытхъурт...

Мысачэ Пётр цIыху щабэт, мы дунейм тету къыщIэкIынтэкъым абы зи жагъуэ ищIыфын. Ар IэплIэешэкIыкIэ къыпхуэзэнут. Абы и адэ-анэм яхуэфащэ цIыху къищIыкIыжат. ТIатIушэ и Iэдэбагъри, и акъыл тIысари, и цIыхуфIагъри, Къарэ и гу щабагъри, и Iыхьлыхэм яхуиIэ лъагъуныгъэри Пётр пкърыплъагъуэрт. Дыщэм хуэдэт Мысачэм и унагъуэр.

Мысачэ Петр и усэ телъыджэхэри и прозэ купщIафIэри адыгэ литературэм и фIыпIэщ. Ахэр курыт еджапIэхэм ноби щадж. Пётр и пьесэхэм къытращIыкIа спектакль зыбжани Къэбэрдей къэрал театрым и репертуарым илъэс IэджэкIи хэтащ. ИгъащIэкIэ мыкIуэдыжынщ абы и литературэ лэжьыгъэхэр.

ЖЫЛЭТЕЖ Сэлэдин.

ГурыщIэ къабзэм и макъамэ

ЩЫIЭУ къыщIэкIынкъым мэзыр фIыуэ зымылъагъу, абы кIуэуэ и хьэуа къабзэмкIэ бэуэну зыфIэмыфI, и хъугъуэфIыгъуэм щыщ кIэдахъуэкIэ къищыпыну, щыщэкIуэну, и нэгу зыщригъэужьыну хущIэмыкъу. ЩIэмыхъуэпс щыIэми - зырызщ. Гъэмахуэ хъууэ, мэзым щхъуантIагъэ дахэкIэ зэрызихуапэу, сэ абы сыкIуэну си гум къохьэ, ауэ ар фIыуэ сэзыгъэлъэгъуар си нэгу къызэрыщIыхьэжу, си гукъыдэжыр мэкIуэдыжри, нэщхъей сохъу. Ар псэужкъым...

Си нэгу къыщIохьэж мэзым сызышэу абы и щэху псори къысхуэзыIуэтэну, и сабиигъуэр щигъэкIуа щIыпIэр сэзыгъэлъагъуну сыкъэзыгъэгугъа цIыху щыпкъэм, усакIуэм, тхакIуэм, драматургым, публицистым мэзым сыкIуэрейуэ зэрыщымытыр щыжесIэм, ар зэригъэщIэгъуар.

Гъэмахуэт. Гуэдз Iухыжыгъуэт. «ТхакIуэхэр микрофоным Iутщ» нэтынхэм ящыщ зы игъэхьэзырыну Мысачэ Пётр селъэIуащ. Зэрихабзэу, пыгуфIыкIри, абы и нэ пIащитIыр къыстриубыдащ. Заулрэ псалъэншэу къызэплъри, аргуэру пыгуфIыкIащ.

«Хъунщ, укъызогъэгугъэ, ауэ... - и псалъэр зэпигъэуащ Петр. - Зы «ауэ» Iуэхум хэлъщ: сэ уздэсшэнум, къомыхьэлъэкIыу, си гъусэу накIуэ».

Сэ ар къэзгъэгугъащ. ЕтIуанэ махуэм дежьащ. Дэ дигу къэдгъэкIыжащ япэ дыдэ дызэрызэхуэзар: си новеллэхэм щыщ зы хуэсхьу сыукIытапэурэ журналым и редакцэм сыкIуауэ зэрыщытар. ИужькIэ дытепсэлъыхьащ си диплом лэжьыгъэр абы и прозэм зэрытезухуам, ар щыстхым, дызэхуэзэу адыгэ литературэм, урыс совет литературэм зэрызауэжьым и гугъу куэдрэ зэрытщIам, нэгъуэщI Iэджэми я щхьэфэ дызэриIэбам. Апхуэдэурэ, тхакIуэр къыщалъхуа Псыгуэнсу къуажэм дынэсащ. Пётр и адэ лъапсэжьым сишащ, и анэр иужь дыдэу зыщIэлъыжа пэшыр, блыным фIэдза абы и сурэтхэр сигъэлъэгъуащ, хадэм сришэри жыгхэм я гугъу къысхуищIащ. Удихьэхыу абыхэм тепсэлъыхьырт. «Мо ди мэзыр плъагъурэ, - гушхуэу и щхьэр ищIащ къуажэ щIыбым къыдэт мэзымкIэ, - еплъыт абы и дахагъым!»

Дэ мэз [illegible]

- Пэжу жыпIэрэ?! - и фIэщ мыхъуу къызэупщIащ аргуэру.
- ЖызоIэ.
- Къэлэрыхьи укIуакъэ!
- И гугъу ящIу зэхэсха фIэкIа, зэи слъэгъуакъым.
- Пэжи?!
- Пэжу.

Пётр зыри жимыIэу зыкъомрэ къызэплъри, дыхьэшхыурэ жиIащ:
- ГъащIэр ухуэкъулейкъым ари.

Куэдрэ зыдмыIэжьу ди гъуэгуанэм дытехьэжащ. Жэмтхьэлэ дыкIуэу арат. Пётр и ныбжьэгъу, егъэджакIуэ Дэхъу Мухьэрэдин деж. Арат Пётр и тхыгъэр зытриухуэнур.

ДокIуэ. Доуэршэр. Пётр къэлэрыр зищIысыр, къыщыкI зэманыр, щIыпIэр, ар пшхыну зэрыфIыр, бжьыныхум зэрещхьыр къызжеIэ. Сэри содаIуэ. Апхуэдэурэ, дыздэкIуэм дынос. Школым дымыкIуэу, Дэхъухэ я унэм дыIуохьэ. Куэбжэр Iутхыну дыхунэмысу, ди пащхьэм къохутэ лIы лъагэ зэкIуж. Пётррэ абырэ зызэрадзри IэплIэ зэхуащI, зэшэкIауи унэм щIохьэ. Унэм дыщIыхьа нэужьи, зэбгъэдэкIуэтыжри зэплъыжахэщ. Зызэрадзыжри IэплIэ зэхуащI... Аргуэру зэбгъэдокIуэтыжри зоплъыжхэ, еуэ IэплIэ зэхуащI. Иужьым къыщеудри тIури магъ. Сэ зыри жызмыIэу сэ гъуэрыгъуэу абыхэм соплъ. Сигу къокIыж Пётр и тхыгъэхэр урысыбзэкIэ зэридзэкIыну зи пщэ иралъхьа тхакIуэ Родичев Николай «Кхъужьейр мэгъагъэ» повестым и лIыхъужь, звеном и унафэщI Ланэ лIы щыдэкIуэм куэдрэ зэрыгъыр лейуэ къилъытэу ар Iуихыну щыхуежьэм, тхакIуэм зэрыхуимыдар. «Сэ си тхыгъэм хэт лIыхъужьхэмрэ персонажхэмрэ си кIуэцIым къикIа си бынхэмрэ си Iыхьлы гумащIэхэмрэ хуэдэу фIыуэ солъагъу. Абыхэм лей къатехьэу здэнукъым», - си тхьэкIумэм итт я унэм сыщIэсу Пётр къызжиIа псалъэхэр. Пэж дыдэу, ахэр фIыуэ илъагъурт. ЩIилъагъур гъащIэм къыхихати аращ.

Пасэ дыдэу, 5-нэ классым щIэсу усэным гу хуищIащ щIалэ цIыкIум. Ар школым къыщызэрагъэпэща литературэ кружокым и лэжьыгъэм жыджэру хэтащ. Гупжьейм и унафэщI, адыгэбзэмрэ литературэмкIэ езыгъаджэ Пщынокъуэ ТIутIэ ирегъэлъагъу и усэхэр. ЕгъэджакIуэр къыщытхъуащ, нэхъри трегъэгушхуащ. «Мамырыгъэ» зыфIища и япэ усэр «Къэбэрдей пэж» газетым къытрадзэ. Куэд дэмыкIыу а газет дыдэм къытехуащ и етIуанэ усэ «Кореем и цIыхухэр». А усэхэр гуащIэмащIэт, IэрыщIт, ауэ усакIуэ ныбжьыщIэм фIэщхъуныгъэ ин къыхалъхьащ.

Мысачэ Пётр еджапIэр фIы дыдэу къиухащ. Къызэриухыу абы егъэджакIуэу къагъэнэжащ. ИлъэскIэ пэщIэдзэ классым щригъэджащ Пётр. Ауэ тхэным гу хуэзыщIа щIалэм и псэр псэхуртэкъым. И мурадым лъэIэсын папщIэ емыдэжу хъунутэкъым. Ар фIыуэ къызэрыгъуэу щIалэр пединститутым и адыгэбзэ къудамэм щIэтIысхьащ. А лъэхъэнэм литературэ зритащ Институтым и егъэджакIуэ, усакIуэ ЩоджэнцIыкIу Iэдэм и [illegible].

- Зэгуэрым, - игу къигъэкIыжт Мысачэ Пётр, - футбол сеплъыну стадионым экзамен нэужьым сыкъыхэкIат. Iэдэм стадионым ису сыхуозэ. Сыкъыщилъагъум, сызыбгъэдэшыну сыкъригъэджащ. Теунэ Хьэчим. СыкъыщIыкIыжым, абы къызжиIэ: «Уи документхэр институтым къеплъыжи, Iэдэм къет. Сэ уи усэхэр [illegible] Горькэм и цIэр зэрихьэу Мэзкуу дэт Литературэ институтым егъэджакIуэу [illegible]».

Апхуэдэ щIыкIэкIэ, 1951 гъэм Мысачэр Литературэ институтым щIэтIысхьащ. Абы щеджэм итхащ цIэрыIуэ хъуа «Лъэпэд», «Псыгуэнсу», «Къурш псынэ» усэхэр. 1955 гъэм дунейм къытехьащ усакIуэм «Къурш псынэ» зыфIища и япэ тхылъыр. Абы къыкIэлъыкIуэу тхылъеджэхэм критикхэри гуапэу зэцIудрэ «Уэращ зи фIыщIэр» етIуанэ усэ тхылъыр. Ауэ Мысачэм и макъым зилъэщу зыщишэщIар еплIанэ («Уэгу пкIэлъей») тхылъырщ. УсакIуэм и гур, и псэр зэпымыуэу мурадыфIхэм хуэплъэрт:

Мурад нэхъыфIым сыхуэпIащIэу
Сытетщ гъуэгуанэ - семызэщ,
СылъэмыIэсу си гурыщIэм
Зэи уи деж къэзмыгъэзэжщ,
А мыкIуэщIыжк си лъагъуныгъэр -
Уи лъагъуныгъэ саугъэтщ;
Насып мыухыр схуэпщIу тыгъэ,
Сэ уи гуфIэгъуэм сыхэбгъэтщ.
Уэ Iуащхьэмахуэ схуэщIыр уанэ,
Уи къуршыпс Iэлхэр - шыныбзэх:

Ди губгъуэ хуитхэрщ сэ си Iэнэр, -
Я нэхъ къыр лъагэр -
сэркIэ пэнтхщ.
КъызжеIэ закъуэ! -
Шым зездзынщи,
Мо вагъуэ цIыкIухэм сынэсынщ,
Сэ уафэхъуэпскIым
сыщIыхьэнщи -
И пащIэр сIыгъыу къыпхуэсшэнщ.
Ауэ мы зыр сэ схузэфIэкIкъым:
(Сыт сщIэн, абыкIэ зызоумыс!)
ПхуэсщI лъагъуныгъэм
и гъунапкъэм
Сэ гъащIэу сиIэм сынэмыс!..

60 гъэхэм Мысачэм и лирическэ макъамэм зеIэт, и усэ жыпхъэр мэж, зэроубыд, цIыху куэдым я гум, я псэм дохьэ. ЦIыхубэм я гуращэ дахэт, мэкъумэшыщIэхэм я уэрэдт усакIуэм игъэIур, иIэтыр, зэрыгушхуэр, зэрыиныр, зэрыпагэр. ИужькIи гуапэу, удихьэхыу, и купщIэкIи нэхъ куу хъуауэ Iуащ усакIуэм и пшыналъэр:

Ди къуажэ гупэм къыщыт
Iуащхьэ тIэкIум
Нэхъ лъагэ къурш темыту
щIы хъурейм
Щытащ къысфIэщIу
адэ сыщыцIыкIум, -
Ар сэркIэ Iуащхьэмахуэми ярейт,
Сыбзэуэбапщэу абы сыдэкIамэ,
Слъытэжырт батэкъутэр
сэ згъэша,
И щыгу сытету хуиту сыбзэуамэ,
Сэ занщIэу сщыгъупщэжт
сызэрешар.

60 гъэхэм и кIэухым «Iуащхьэмахуэ» журналым къытехуэу щIидзащ Мысачэм и рассказхэр. Зи усыгъэхэмкIэ дыдэзыхьэха щIалэм и рассказхэм таучэлмыщIу, дзыхьышхуи едмыгъэзу дыкъеджащ. Ауэ дыщIэшынэн щымыIэу къыщIокI: рассказхэм хэт лIыхъужьхэм я гурыщIэ дахэр усакIуэм сэтей къещIыф, зыхэтщIэу, дыдихьэхыу, дызыIэпишэу зэкIуэцIех.

Абыхэм я щыхьэту, рассказхэм я ужьым кIэщI дыдэу иту, дунейм къытохьэ «Кхъужьейр мэгъагъэ» повестыр. Абы нэрылъагъу къищIащ Мысачэм прозэмкIи зэфIэкIышхуэ зэриIэр, уеблэмэ, езы усакIуэм и псалъэкIэ жыпIэмэ, Пётр нэхъ «зыкъыщигъуэтыжар» прозэрщ. Образ телъыджэхэр къыщигъэщIащ Мысачэм «Кхъужьейр мэгъагъэ» повестым. Абы нэрылъагъу къищIащ ЩоджэнцIыкIу Iэдэм и «Софят и гъатхэ» повестым хэт лIыхъужь Софят. Абыхэм я гъащIэр зыкъомкIэ зэщхьщ.

«Псыхъуэ гуащэ» повестыр Мысачэм и етIуанэ тхыгъэшхуэщ. Мыри, Пётр и рассказ нэхъыфIхэмрэ «Кхъужьейр мэгъагъэ» повестымрэ хуэдэу, зытепсэлъыхьыр мэкъумэшыщIэхэм я гъащIэрщ, абыхэм яку зэхуилъ гуапагъэрщ, жумартагъэрщ.

Мысачэ Пётр ди искусствэми щэнхабзэми хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ. Абы и Iэдакъэм къыщIэкIащ пьесэ, очерк куэд. «Псэм и щIасэр нэм фIэдахэщ», «Ар уи напэщ» пьесэхэм къытращIыкIа спектаклхэр ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмтеатрым илъэс куэдкIэ и репертуарым хэтащ.

Зэманыр псынщIэу макIуэ. Нобэ усакIуэхэр, усакIуэ щIалэхэр дигъэгушхуэу, къыддэгушыIэу, и мурадхэм, тхыгъэ зэпымыхэм я гугъу къытхуищIу къыщытхэтар. Илъэс 27-рэ блэкIащ абы лъандэрэ. Ауэ дэ зэи тщыгъупщэжыркъым «Iуащхьэмахуэ» журналым къыщызэIуаха махуэм къыддэщIэдзауэ ди лэжьэгъуу, ди ныбжьэгъуфIу, ущиякIуэу 1988 гъэм дунейм ехыжыху къытхэта цIыху щыпкъэ, усакIуэ Iэзэ, тхакIуэ телъыджэ, драматург, публицист Мысачэ Пётр и цIэр.

ХЬЭIУПЩЫ МуIэзед.

Мысачэ Пётр и ныбжьэгъухэмрэ лэжьэгъухэмрэ яхэтщ.

КъуэлІуфэ Хьэчим къопсалъэ.

И усэхэм и псэр къахэщырт

● Фэепъ

«Сыхэт сэ? Уи гум срІыкъэщ...». А псалъэхэр тетхащ адыгэ усакІуэ цІэрыІуэ, щІэныгъэлІ, зауэлІ КІуащ БетІал и фэеплъым. КЪБР-м щыхъ зиІэ и журналист Котляров Виктор усакІуэм и фэеплъ сыныр Налшык къалэм и Затишье щыпІэм щигъэуващ ар къызэралъхурэ илъэс 95-рэ зэрырикъум и щІыхькІэ. КІуащ БетІал и гукъэкІыжхэр щызэхуэхьэса тхылъи къыдигъэкІащ. Фэеплъыр къыщызэІуахым кърихьэлІащ кълыкъущІэхэр, щІэныгъэлІхэр, тхакІуэхэр, щэнхабзэм и лэжьакІуэхэр.

- НОБЭ дз дигу кьыдогъэкІыж ХХ лІэщІыгъуэм и тельыджэ, Хэку зауэшхуэм и лІыхъужь КІуащ БетІал. КЪБР-м и ТхакІуэхэм я союзым къыбгъдэкІыу фІыщІэшхуэ хуэощІ мы Іуэху дахэр къызэзыгъэпэща, БетІал и кхъащхьэр зыхуей хуэзыгъэзэжа Котляров Виктор,- жиІащ КЪБР-м и ТхакІуэхэм я зэгучэныгъэм и правленэм и унафэщІ **КъуэлІуфэ Хьэчим**.

Котляров Виктор и псалъэм къыжигъащ КІуащ БетІал къэбгрдей усыгъэм къызэрымыкІуэу зэрызригъэужьар.

- Езым и хъэтІ иІэжт, и усэ сатырхэм нур къахощ, дэтхэнэ псалъэри и псэм къыбгъдэкІыу иусащи. Абы и лирикэр псэунущ, адыгэ лъэпкъыр щыІэжу.

КІуащ БетІал теухуа и гукъэкІыжхэмкІэ кърихьэлІахэм ядэгуэшащ тхакІуэ **Елгъэр Кашиф**.

- КӀуэдрэ сэбэп къысхуэхъуащ БетІал. Абы и фІыгъэкІэ си япэ усэхэр газетхэм къытехуауэ щытащ. И сэбэп къызэкІащ Москва еджакІуэ сыщыкІуэми. И гур фІы щІэным хуэпабгъэ зэпыт.

- КІуащ БетІал ди гум гуапэу иІыныщ сытым дежи. Абы и усэ купщІафІэхэм гъащІэм и лъэныкъуэ кӀуэд кӀыргъэтІэсащ. Езым щэн дахэ зэрыхэлъари абыхэм къаІуатэ. КІуащ БетІал теухуауэ хъыбар гъэщІэгъуэн куэд зэхэсхащ, и щхьэгъусэм сыдэлэжьати. Абы и Іуэхущ Іафэ дахэхэр, и гум къыпкърыкІыу щыта гуапагъэр тлъытэу дыпсэун хуейщ. ФІыщІэшхуэ хуэфащэщ нобэ абы и цІэр иІэту Іуэху зэфІэзыха Котляров Виктор,- жиІащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфІыщІэ Мухьэмэд**.

КЪБКъУ-м и профессор **Къуэщысокъуэ Александр** игу къиГъэкІыжащ КІуащ БетІал щІэдзІуну зыбжанэрэ къыззрыхуихуар.

- Налшык дэт школ №95-м сыщеджэрти, адыгэбзэмкІэ ди егъэджакІуэм мызэ-мытІэу КІуащ БетІал къригъэблэгъат и дерсхэм. Ди пащхьэм иту и усэхэм БетІал къыщеджэкІэ, си напІэр зэтеслъхьэрти, Маяковскэм хуэзгъадэу, сеДаІуэрт, - жиІащ абы.

- Нобэ Іуэхуфі екІуэкІащ - адыгэ усакІуэ, зауэлІ КІуащ БетІал фэеплъ сын хуагъэуващ. Ар дунейм зэрехьэжрэ куэд щІами, щІэныгъэлІ, тхакІуэ Нало Заур абы и кхъащхьэм щигъэтІылъа мывэр мыхъумэ, сын иджыри къэс иІакъым. Налом игъэтІылъа мывэми БетІал и гъащІэр зэщхьар фІыуэ къыгъэлъагъуэрт, ари егупсысауэ ящІат. Нобэ щыт фэеплъ сынри усакІуэм и пщІэм хуэфащэщ. Нобэрей махуэри, Іуэхуэрри, къекІуэлІахэри усакІуэм зыгуэркІэ зыхищІауэ, и псэр гуфІауэ тхьэм ядэІуэтэжащ, БетІал хэлъа Іущыгъэр, щІэныгъэр, зэчиишхуэр, щэн дахэр дяпэкІи ди лъэпкъым къыдэгъэгурыкІуэ си гуапэщ, - щІэкІащ зэхьихьэм КъБКъУ-м и профессор **Бакъ Зерэ**.

КІуащ БетІал Къэбэрдей-Балъкъэр литературэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуичІар, абы и усыгъэр гум зэрехуэбылІэр къыхигъэщащ тхакІуэ, журналист **Мottaевэ Светлани**.

Фэеплъыр къыщызэІуахым кърихьэлІащ КІуащ лъэпкъым я нэхъыжьхэм ящыщ **Темыржан**:

- Ди къуэшыр зэрырегъэлъэпІам, и пщІэр зэрыкІэтам папщІэ фІыщІэшхуэ фхуэсщІ мыбы къэлэІахэмэ Іуэхур къызэзыгъэпэщами. Нобэ БетІал и псэр гуфІэу къыщІэкІынущ. Абы дэри егъэлеяуэ дегъэгушхуэ, - жиІащ абы лъэпкъым къыбгъдэкІыу.

Котляров Виктор иригъэкІуэкІащ усэзэпэдзыж. БетІал и усэхэм ящыщ пычыгъуэ къеджащ Іуэхум кърихьэлІахэр, усакІуэм и бзэ гуапэмкІэ зэпсалъэм хуэдэу. Къызэхуэсахэм удз гъэгъахэр тралъхьащ КІуащ БетІал и фэеплъым.

ГУГЪУЭТ Заремэ.
Сурэтхэр
Къарей Элинэ *трихащ*.

● Гъуэзджэ

Куэд щызэхэухуэна пшыхь

«Гъуэзджэхэм я жэщ» урысейпсо Іуэхур ди республикэм и Лъэпкъ, Сурэтыщі гъуэзджэхэмкІэ музей-хэм щекІуэкІащ, ТекІуэныгъэ Иныр къызэрахьрэ илъэс 70 зэрырикъум и щІыхькІэ.

ЛЪЭПКЪ музейм сыхьэт 16-м къыщызэІуахащ «Гъуэзджэхэм я жэщ» пшыхьыр. Музейм и унафэщІ **Накуэ Феликс** къызэхуэсахэм фІэхъуэ гуапэ ярихащ икІи зэхьхьэм и мыхьэнэм и гугъу яхуиІащ.

«Гъуэзджэхэм я жэщ» Іуэхур дуней псом и къэрал 40-м щокІуэкІ. 1990 гъэхэм я кІэуххэм ар Германием щаубла нэужь, дуней псом и музейхэм, Урысейри хыхьэу, ар къыщызэрагъэпэщ хьащ, щІэупщІэ иІэу. Къэбгъэльагъэмэ, мы Іуэхур Налшык илъэс етІуанэ хуъуэу щрагъэкІуэкІ.

«Къэбэрдей-Балъкъэрыр-Хэку зауэшхуэ зэманым» зыфІаща гурэ гъэпсэгъуэныгъэр Лъэпкъ музейм къыщызэІуахащ. Абы хагъэхьащ республикэм щыщу Хэку зауэшхуэм хэта зауэлІхэм къащІэна хьэпшыпхэр, тхылъхэр, лІыгъэрэ хахуагъэрэ зезыхьа сэлэтхэм къыхуагъэфэща дамыгъэ лъапІэхэр, Хэку зауэшхуэм и зэманым Налшык и типографием щытредза дзэ плакатхэр.

Зэхьихьэм щагъэпэжащ «Зауэр - сабийхэм я нэкІэ» зэпеуэм пашэ щыхъуа ныбжьыщІэхэр. Пшыхьыр ягъэдахащ республикэм и артистхэм. Абыхэм зауэм теухуа уэрэдхэр жаІащ. Хэку зауэшхуэр къызыхэщ усэхэмэ гъэхуауэ кьеджащ, къызэхуэсахэм я нэпс къарагъакІуэу.

Пщыхьэщхьэм сыхьэт 19-м зэхьихьэм щыпащащ Ткаченкэ Андрей и цІэр зезыхьэ Сурэтыщі гъуэзджэхэмкІэ музейм. Музейм и унафэщІ **Ащхъуэт-Тау Ритэ** «Гъуэзджэхэм я жэщ» зэхьихьэр мы гъэми щІэщыгъуэу икІи гъэщІэгъуэну къызэрагъэпэщащ. Абы щагъэльэгъуащ зауэм хэта сурэтыщІхэм я графикэ, скульптурэ, живопись лэжьыгъэхэр. Зауэм хэта сурэтыщІ **Плотников Василий** ІуэгъэщІащ.

КЪР-м СпортымкІэ и министр **Хьущт Аслъэнбэч**, КЪР-м и Парламентым егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэ политикэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Азычэ Светланэ**, Бахъсэн къалэ администрацэм и Іэтащхьэ **Мамхэгъ Хьэчим**, КЪР-м и Сурэтыщіхэм я зэгучэныгъэм и правленэм и унафэщІ **Темыркан Геннадий**, сурэтыщІ **Аккизовэ Имарэ**, композитор **ХьэІупэ Анзор**, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Болэт Арсен**, «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и къэфакІуэ **Къуэныкъуей Иринэ**, КЪР-м щыхьэ зиІэ и артист **Іусейн Олег**, телевиденэм и лэжьакІуэ **Магомедовэ ФатІимэ**, КЪР-м и Парламентым и депутатхэу **Бечеловэ Людмилэрэ Киреевэ Надеждэрэ**, КЪР-м щыхьэ зиІэ и артисткэ **Тхьэщыгъуей Жаннэ**, усакІуэ **Рамонов Алан**, Музыкэ театрым и актрисэ **Гергокаевэ Хьэлимэт** сымэ зауэм теухуа усэхэм кьеджащ.

Урысей Федерацэм щыхьэ зиІэ и артист **Хьупсырджэн Альберт**, уэрэджыкІуэкІэ **Мизиев Аубэчыр, Къуэшокъуэ Регинэ, Холамханов Къайсын, Бозий Зураб, Жабоевэ Замирэ, Жаникаев Елдар, Вындыкъ Аскэр** сымэ зауэм теухуа уэрэдхэр жаІащ, къызэхуэсахэр дежьуэу.

Зэхьихьэм щагъэльэгъуащ «Неизвестные фильмы о Великой Отечественной войне» зыфІащахэм ящыщу режиссер Яшин Борис и «ЛиВень» фильмыр. Ар теухуащ 1945 гъэм и ГъатхэмІ, зауэ нэужьым, щІыхьэхэм гъащІэр зэрызэтрауихуэжам, гугъу зэрехьам.

Пшыхьым къыщыпсэльащ Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщ.кІэ ЗэщІауэзэда Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я зэгучэныгъэу Налшык къалэм щыІэм и унафэщІ **Абдулаев Мустэфа**, Хэку зауэшхуэм и ветеран, Невский Александр орденыр зыхуагъэфэща **Белан Юрэ**, Плотников Василий сымэ.

КЪР-м и Лъэпкъ, Сурэтыщі гъуэзджэхэмкІэ музейхэм щекІуэкІа «Гъуэзджэхэм я жэщ» зэхьихьэм щыхьэ зиІэ къекІуэлІащ, гуапэщ абыхэм щалэгъуалэ куэд зэрахэтар.

БЖЬЫХЪЭЛІ Роэз.
Сурэтхэр
Къарей Элинэ *трихащ*.

Тхылъыр Іэщ.Іыб ящІыркъым

2015 гъэр Литературэм и илъэсу зэрагъэувам ипкъ иткІэ, Тэрч къалэ и библиотекэ нэхъыщхьэм щекІуэкІащ «Тхылъым и пшапэ» зыфІаща зэІущІэ.

«СТІОЛ хъурей» зэпсэлъэныгъэ мардэм тету къызэрагъэпэща а Іуэхум хэтыну къарагъэблэгъат тхылъ еджэным дихьэхэр, псэльэгъу гъэщІэгъуэн щ.ыхуэхэм яхуэхъу щІэджыкІакІуэхэр, зэджэ тхылъхэр зытеухуахэр удихьэхьу къэзыІуэтэжыфхэр.

Библиотекэм и лэжьакІуэ нэхъыщхьэ Хьэкіуащэ Еленэ зэІущІэм хэтхэр щигъэгъуэзащ тхылъыр щІыхубзэм Іэщ.Іыб ямыщІыным теухуауэ ягъэпэжьэ къэралпсо, республикэ, щІыналъэ программэхэм я мыхьэнэмрэ абыхэм къарикІуа Іуэху щхьэпэхэмрэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Апхуэдэ дяпэкІэ зэи къремыхъуж

Мэлбахъуэ Тимборэ и цІэр зезыхьэ Пшынэкъ библиотекэм адыгэхэм я Щы-гъуэ махуэм теухуа зэІущІэ щекІуэкІащ. Зэхьихьэр къызэрагъэпэщащ библиотекэм и лъэхахутэ къудамэм и лэжьакІуэхэм.Ар иригъэкІуэкІащ библиотекэм и лэжьакІуэ нэхъыжь Безыр Лена.

ЗЭІУЩІЭМ ирагъэблэгъащ КЪБКъУ-м тхыдэмкІэ и егъэджакІуэ, Адыгэхэм я жылагъуэ зэгучэныгъэхэм я лэжьыгъэр зэзыгъэуІу советым и унафэщІ Къалмыкъ Жылэбий, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жаланыгъуэ палатэм хэт Шэшэн Мурэд, Сирием къикІыжа ди хэкуэгъу Къат Иид, КЪБКЪУ-м и тхыдэ къудамэм и магистр Мамхэгъ Линэ, Налшык и школ № 13-м адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкІэ и егъэджакІуэхэу Жыкъуэ Сонярэ Архэст Индирэрэ я еджакІуэхэр я гъусэу.

Зауэм и лъэужьхэр къызэхэщІыпсыжыжащ. Иджы къэнжащ зэрысщІэм щыгъуэкІэ екІуэкІа Кавказ зауэр и лъабжьэу Къандур Мухьэдин, МафІэдз Сэрэбий, Шинкубэ Багърэт, нэгъуэщІ тхакІуэхэми я Іэдакъэ къыщІэкІа художественнэ тхыгъэхэр, архив дэфтэрхэр, документхэр зи тегъэщІапІэу къыдагъэкІахэр, адыгэхэр щыпсэу щІыналъэмрэ лъэпкъымрэ теухуауэ зыпІыхьакІуэхэм я нэкІэ ялъагъуу ятхыжа тхылъхэр, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал институтым зэхуихьэсыжахэри хыхьэу, журналхэм, газетхэм къыдехуа тхыгъэхэр.

Къалмыкъ Жылэбий жиІащ Кавказ зауэм теухуауэ нэгъабэ Москва щекІуэкІа щІэныгъэ конференцым мазибл зауэм теухуа тхыгъэ зэрыхихьэкьар, нэгъуащІ и лэжьыгъэхэри Урыс-Кавказ зэрыгтриухуар, къищынэмыщІауэ, адыгэм лейуэ къыпІыкІыу, бзаджэ, лъэпкъым и щхьэм кърикІуа Іуэхуэ зэрыщІэ мыухыжьи уи нэпс кърагъакІуэу, укъызыфІагъэзэрыхьу тхылъ гъэщІэгъуэн куэдым къызэрыщагъэпІэгъуэжар.

- ПІэщІыгъуэ зыбжанэкІэ узэІэбэкІыжмэ, ди лъэпкъыр лакъыр 12-м щигъуэ щытащ, ауэ лъэпкъми бзэми замыужьурэ яныныкъуэхэр нэгъуэщІхэм яхэщыпсыжыжащ. Иджы къэнжащ лъэпкъ ныпым зи вагъуэ къытена дызыщыгъуазэ лакъуэ 12-рэ. Адыгэхэр дыщыпсэу щІынаІэр апхуэдизкІэ инти, шы лъэрызехьэ утесу тенджыз ФІыщІэ Іуфэм къыщыщІэдзэмэ, Къуэдыдэ нэсхуэ маху 28-кІэ гъэзгу утетт. Иджы абы щыщу лъэпкъым щІыпІэу къыхуэнэжар мащІэ дыдэщ. Ди щІыуэпсыр зэрыдахэм, зэрыкъулейм, къэкІыгъэр, гъавэр, пхъэщхьэмыщхьэр, псэущхьэр зэрыщыбагъуэм къыхэкІыу куэд къешэрт. Аращ ди мыгъуагъэр къыхэхакІари. Кърым тэтэрхэр, къумыкъухэр, нэгъуейхэр, тыркухэр, урысхэр дзэшхэу хъуэ хьыттеуэу щытащ. Урысейм къытКІэлъызэрихьа лейр игъэзэкІуэжыну, къытхуихьа лъэпкъ гъэкІуэдыр зэригъэзэхуэжыну, адыгэм ящыщу Хэкужьым къэкІуэжыну гупыж зыщІэхэр къэІэпхъуэжьныжьмкІэ дзІэпы-къуэгъу хъуну и чэзу хьуащ, - жиІащ Къалмыкъым.

Ар тепсэлъыхьащ Урыс-Кавказ зауэм и пэкІэ адыгэхэр щІынаІэ куэдым япыщІауэ, къащІыжу зэрыщытам, илъэсищэм щІигъукІэ гуащІэу екІуэкІа зауэм и ужькІэ ди лъэпкъым зэщІыныгъэшхуэ зэригъуэтам, нэгъуэщІ куэдми.

Жыкъуэ Соня къыхигъэщащ я еджакІуэхэр щІэныгъэлІхэм, хамэ щыпІэм къикІыжа ди лъэпкъэгъуэм я псалъэ зэхахьныр зэрыщІэхьэпэр, тхыдэр ящІэн зэрыхуейр, Урыс-Кавказ зауэм и кІэр хьэдагъэ мыухыж зэрыхъуар, абы и уІэгъэр ноби зэрымыкІыжар.

Еджакіуэ цыкІуэр къеджащ Шинкубэ Багърэт и «Жылакіэ» романым щыщ пычыгъуэхэу убыхэм ІеишІухуэ къаззрылъысар, я бзэр, я лъэпкъыр зэрыкІэдыжар къызыхэщІыжхэм. Безыр Лена къызэхуэсахэм къахуеджащ ныбжьэгъугъэм, хабзэм уепцІыж зэрымыхъунум теухуа уэсэ.

Шэшэн МуІэедрэ Къат Иидрэ къэпсэльащ зэхьихьэ зытеухуам хуаІэ я еплъыкІэхэр къагъэльагъуэу. Абыхэм жаІащ лъэпкъым зиужьын щхьэкІэ цІыхуэхэр зэкъуэувэн, бзэм хуэфащэ гулъытэ хуащІын, Урыс-Кавказ зауэм къулейсызыгъэ, гуІэгъуэ, насыпныншагъэ, нэщхьеягъуэ куэд лъэпкъым къызэрыхуихьам къытримыгъэззжьын щхьэкІэ щІэблэм тхыдэр ящІэн зэрыхуейр.

Къалмыкъ Жылэбий ныбжьыщІэхэр къыхуриджащ фІыуэ еджэну, щІэныгъэ, Іэщ.Іагъэ зрагъэгъуэтыну, къызыхэкІам хуэфащэу зэрыпсэуным хущІэкъуну, лъэпкъым и зыужьныныгъэм мащІэ-куэдми хэлъхьэныгъэ хуащІыну.

Зэхьихьэм ирагъэблэгъа-хэм фІыщІэ хуащІащ ар къызэзыгъэпэщахэм.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр
Мамий Руслан *трихащ*.

Къуэшхэр хэгъэщІэгъуафІэкъым

● Футбол

«Спартак-Налшык» (Налшык)-«Дружба» (Мейкъуапэ) - 0:1 (0:1). Налшык. «Спартак» стадион. Накъыгъэм и 30-м. ЦІыху 300 еплъащ.

Судьяхэр: Кукуян, Бочков (тІури Сочэ щыщІ), Доронченко (Краснодар).

«Спартак-Налшык»: Хьаний, Дашаев, Алаев, Кузнецов, Каркаев, Гъурф, Семенов (Дыщэкі, 46), Кьуэн 3. (Гуэщокъуэ, 46),Ахриев (Огурцов, 56), Бажэ, Гугуев.

«Дружба»: Кондратьев, Мыкъуэ М., Мыкъуэ А., Наталич, Ахьмадхъан, Осмаев, Кьуэн Ам. (Манченко, 90+4), Датхъужь, Ролдугин, Когоние (Павлов, 78), Домшинский.

Топыр дигъэкІащ: Домшинскэм, 12 (0:1).

Дагъуэ хуащІащ: Мыкъуэ Муратрэ Осмаевымрэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрымрэ Адыгеймрэ я футбол командэ нэхъыщхьэхэр 1992 гъэ лъандэрэ 10 зэджэгуати, ди щІалэхэр зэи текІуэфакъым. А Іуэхугъуэм 2015-2016 гъэхэм екІуэкІыну зэхьэзэхуэм зэрыщІэзихъуэжым деплъынщ.

Щэбэт КІуам Налшык и «Спартак» стадионым щызэхэта зэІущІэм зы мыхьэнэзи иІэтэкъым. Командхэм яІыгъ увыпІэхэм зыкІи зэхъуэжьнутэкъым икІи къыкІэлъыкІуэ зэпеуэм зыхуагъэхьэзырым щІадзэ хъунут.

Джэгум ирагъажьэри, дакъикъэ пщыкІутІ дэкІауэ арат хьэщІэхэм бжьыгъэ къыщыізэІуахам. Хьанийр гъуэм къызэрыдэкІар ильагъури, Домшинскэм абы тоІыр щхьэпридзащ.

ПІэнэкъуитІым я зыр пасэу япэ зэрищам, адрейм жьыджэрагъ хилъхьэн хуейт. Апхуэдэуи къахъуащ. Іуэхур ягъэзэкІуэжыну налшыкдэсхэм зрачащ. АрщхьэкІэ уи зэрІэкІымрэ узыхущІэкъымрэ щызэтемыхуэм и дежь абы зыри къикІынукъым. «Спартак-Налшыкыр» мызэ-мытІэу насыпым пэгъунэгъу дыдэ хъуами, бжьыгъэр зэхуэдэ хуэщІыжакъым.

Адыгейм и футболистхэм текІуэныгъэр Іэзэу яхъумащ. Абыхэм яхуэзфІэкІащ я къэрхуэрэгъуэр зэтраІыгъэн икІи очкоищ Мейкъуапэ здашэн.

«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ Биджий Хьэсэнбий зэхьэзэкІынымкІэ гуэрэкр джэгум хилъхьэну яужь ита щхьэкІэ, зыри къехьулІакъым. Абы и гъэсэнхэм я зыгъэпсэхугъуэ зэманым зэрыщІидзэрэ куэд щІауэ фэ тетщ.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2014-2015 гъэхэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэм щыщу къэнэжар зы джэгугъуэ закъуэщ. Аращ зэхэзыгъэкІынрэ ягъэ увыпІэр зыпІыеу ищхьэкІэ дэкІуэтеинур хэтми. Джэгугъуэ кІуам «Витязь»-р Ставрополь щыІэу «Динамо-ГТС»-м къызэрыхигъэщІам и зэранкІэ, абы «Черноморец»-р къыпІэщІыхьэжащ. Иджы Дыщэкі Хьэзрэт и гъэсэнхэм Псыхуабэ икІыну «Мэшыкъуэ-КМВ»-р Іэмал имыІэу хагъэщІэн хуейщ, зэхьэзэхуэр япэ дивизионым къыщІадзэну щІэхъуэпсмэ. Арымрамэ, новороссийскдэсхэр ящхьэщыкІысфынущ, «Динамо-ГТС»-м текІуэмэ.

Иджы щыгъуазэ фхуэсщІыщ етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм ижьу щыізэхэта джэгугъуэм кърикІуа бжьыгъэхэм. Мис ахэр: **МИТОС** (Новочеркасск) - **«Черноморец»** (Новороссийск) - **0:3**, **«Мэшыкъуэ-КМВ»** (Псыхуабэ) - **«ІэфІыпс»** (Іэфыпс) - **0:1**, **«Динамо-ГТС»** (Ставрополь) - **«Витязь»** (Крымск) - **2:1**, **«Таганрог»** (Таганрог) - **«Торпедо»** (Армавир) - **1:2**, **«Ангушт»** (Нэрджэн) - **«Биолог-Новокубанск»** (Прогресс) - **1:1**.

2014-2015 гъэхэм екІуэкІ зэхьэзэхуэм и иужьрей джэгугъуэр мэкъуэгуэрщым и 5-м зэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкыр» Армавир къалэм щыІпІэ «Торпедо»-м щыІущІэнущ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр. «А» гуп

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. **«Витязь»**	**21**	**14**	**1**	**6**	**35-22**	**43**
2. «Черноморец»	21	12	7	2	45-20	43
3. «Торпедо»	21	13	3	5	36-23	42
4. «Іэфыпс»	21	11	5	5	27-18	38
5. «Динамо-ГТС»	21	9	6	6	25-21	33
6. МИТОС	21	9	3	9	24-22	30
7. **«Спартак-Налшык»**	**21**	**7**	**5**	**9**	**26-26**	**26**
8. «Мэшыкъуэ-КМВ»	21	6	7	8	20-25	25
9. «Таганрог»	21	5	6	10	14-28	21
10. «Дружба»	21	5	3	13	20-29	18
11. «Ангушт»	21	4	5	12	18-40	17
12. «Биолог-Новокубанск»	21	4	3	14	17-32	15

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩІАПІЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленным и цІэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КЪБР, Налшык къ., Ленным и уэрам, 33.

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІынальэ Іуэхущ.Іапі эм №Пі-0065-м щІэту ятхащ.
Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 3.367
Заказ №893